सोम
07 सितंबर, 2026
पटना
देशक गप गामक भाषा मे
# समदिया मिथिला
भादव, कृष्ण पक्ष, एकादशी, संवत् : 2083
समदिया मिथिला
देशक पहिल मैथिली दैनिक



RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 356 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00

## बाढ़िक स्थिति गंभीर

# गंगा-कोसीक उफान सं 19 लाख सं बेसी लोक प्रभावित

- सुरक्षित स्थान पर शरण लए रहल छथि कोसी कछेरक लोक
- समस्तीपुरक विभिन्न गाम मे लोकक घर-आंगन मे पहुंचल गंगाक पानि
- पटना मे गंगा तोड़लक 10 सालक रिकॉर्ड



**पटना, समदिया**

राज्य मे बाढ़िक स्थिति लगातार गंभीर बनैत जा रहल अछि। गंगा, कोसी, गंडक, बूढ़ी गंडक, पुनपुन आ घाघरा सहित कतेको प्रमुख नदीक जलस्तर खतराक निशान सं ऊपर बहि रहल अछि। बिहार सरकारक जल संसाधन विभागक 6 सितंबरक आंकड़ा अनुसार, राज्यक 11 जिलाक 330 ग्राम पंचायत मे करीब 19.57 लाख लोक बाढ़ि सं प्रभावित भेल छथि। पटना मे गंगाक जलस्तर अपन पुरान उच्चतम बाढ़ि स्तर कें पार कए गेल अछि। गांधी घाट पर गंगाक जलस्तर 50.56 मीटर दर्ज कएल गेल, जखन कि एतय उच्चतम बाढ़ि स्तर 50.52 मीटर अछि। ई स्तर 2016क बाद पहिल बेर एहि सीमा सं ऊपर गेल अछि। हथीदह मे सेहो गंगाक जलस्तर उच्चतम बाढ़िक स्तर सं ऊपर पहुंचि गेल अछि। जल संसाधन विभागक अनुसार 6 सितंबर कें हथीदह मे जलस्तर 43.50 मीटर दर्ज भेल, जखन कि उच्चतम बाढ़ि स्तर 43.52 मीटर अछि। विभागक पूर्वानुमान मे एहि क्षेत्र मे जलस्तर आरो बढ़बाक आशंका व्यक्त कएल गेल अछि। एकर असरि बेगूसराय, लखीसराय, मुंगेर, भागलपुर आ लगपासक क्षेत्र पर पड़बाक आशंका अछि।

### कोसीक कछेर मे संकट

सुपौल मे कोसीक जलस्तर बढ़लाक कारण नदीक कछेरक गाम सभ मे संकट बढ़ि गेल अछि। कतेको परिवार अपन घर-दुआरि छोड़ि कए ऊंच आ सुरक्षित स्थान दिस पलायन करबा लेल बाध्य भेल छथि। किशनपुर क्षेत्र मे कोसीक कटाव सं घर सभक अस्तित्व पर सेहो संकट उत्पन्न भेल अछि। समस्तीपुर मे गंगा आ बाया नदीक बढ़ैत जलस्तर सं तीन प्रखंडक 56 सं बेसी गाम प्रभावित भेल अछि। करीब दू लाख लोक प्रभावित भेल छथि आ 57 स्कूल मे पानि प्रवेश कएला सं पढ़ाइ बंद अछि। आवागमन लेल नावक परिचालन सेहो शुरू कएल गेल अछि।

### राष्ट्रीय आपदा घोषित होय बिहारक बाढ़ि : तेजस्वी

बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सभ मे राहति आ बचाव अभियान तेज कएल गेल अछि। राज्य मे एनडीआरएफ आ एसडीआरएफक 33 टीम तैनात कएल गेल अछि आ करीब 700 सरकारी नावक उपयोग कएल जा रहल अछि। प्रभावित क्षेत्र मे राहति शिविर आ सामुदायिक भानस सेहो चलाओल जा रहल अछि। एहि बीच नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव बिहारक वर्तमान बाढ़िक स्थिति कें राष्ट्रीय आपदा घोषित करबाक मांग केने छथि। ओ केंद्र सरकार सं 5 हजार करोड़ रुपैयाक विशेष सहायता देबाक आग्रह सेहो केने छथि। हुनकर कहब अछि जे विनाशकारी बाढ़ि सं राज्यक लाखो लोक प्रभावित छथि, ताहि लेल केंद्र आ राज्य सरकार कें राहति कार्य मे आरो तेजी अनबाक आवश्यकता अछि।

### बाढ़िक पानि मे फंसलाह पप्पू यादव

पूर्णिया सांसद पप्पू यादव रवि दिन भोजपुरक बड़हरा प्रखंडक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक निरीक्षण करबा लेल पहुंचलाह। आरा-सरैया मुख्य मार्ग पर डांड़ धरि बाढ़िक पानि भरल छल। एहि बीच सांसदक काफिला पानि मे फंसि गेल। पप्पू यादव स्वयं गाड़ी चलबैत पानि सं बाहर निकलबाक प्रयास केलनि, मुदा पानिक गहराइ बेसी रहबाक कारण गाड़ी बीच बाटे फंसि गेल। गाड़ी आगू नहि बढ़ि सकल तं सांसद पानि मे उतरि ग्रामीणक बीच पहुंचलाह आ हुनकर समस्या सुनलनि। ग्रामीण सभ बाढ़ि सं उत्पन्न आवागमन, भोजन, पशुचारा सहित अन्य आवश्यक सुविधाक समस्या सांसदक समक्ष रखलनि।



# कादो तर सं जीवन-जंग जीति आयल गुनमाया *आमा*

नेपाल मे 26 अगस्त कें भोटेकोशी नदी मे आएल विनाशकारी बाढ़िक दौरान मलबा मे जिंदा दबि गेल 97 वर्षीय महिला गुनमाया बोहरा कें दस दिन बाद बचाव दल जीवित अवस्था मे बाहर निकालि लेलक। 83 वर्षक उम्र मे बोहरा देवीघाट स्थित एक वृद्धाश्रम मे रहैत छलीह, जाहि सं हुनकर पोता-पोती आ भतीजा सभ हुनका सं सहजता सं भेंट कए सकथि। 26 अगस्त कें ओहि वृद्धाश्रम मे भीषण बाढ़ि आबि गेल। नेपाल सेना आ नेपाल प्रहरीक बचावकर्मी सभ करीब चारि घंटा धरि मलबा हटौलनि। **(विस्तृत खबरि पेज 3 पर)**

# आरा मे महानंदा एक्स. दुर्घटनाग्रस्त इंजन सहित 3 डिब्बा पटरी सं उतरल

**भोजपुर, समदिया**

बिहारक भोजपुर मे पंडित दीनदयाल उपाध्याय-दानापुर रेलखंड पर रवि दिन भोर मे एकटा पैघ रेल दुर्घटना भेल। आरा रेलवे स्टेशन पर भोर करीब 4 बजे 15483 अलीपुरद्वार जंक्शन-दिल्ली महानंदा एक्सप्रेस बेपटरी भए गेल। ट्रेन आरा स्टेशनक प्लेटफॉर्म नंबर-2 पर ठाढ़ छल। निर्धारित समय अनुसार भोर 4 बाजि 12 मिनट पर ट्रेन दिल्ली दिस जाएबाक लेल खुलल छल।

### तेज आवाज सं मचल अफरा-तफरी

ट्रेन खुललाक बाद अनचोके बक्सरक बदला सासाराम दिस बढ़य लागल। परिचालनक दौरान सिग्नल मे अनचोके तकनीकी गड़बड़ी भेला सं ट्रेन दिल्लीक बदला सासाराम लाइन दिस चलि गेल। स्टेशन सं किछु दूर आगू पश्चिमी ओवरब्रिज लग पहुंचिते प्लेटफॉर्म सं करीब 200 मीटर आगू अप लाइन पर ट्रेन अनचोके बेपटरी भए गेल।

दुर्घटनाक समय बहुत तेज आवाज भेल, जाहि सं ट्रेन मे सवार यात्री सभ मे अफरा-तफरी मचि गेल। भोरक समय होयबाक कारण बहुत रास यात्री निन्न मे छलाह। तेज आवाजक संग ट्रेनक इंजन, एसएलआर डिब्बा आ एकटा एसी डिब्बाक पहिया पटरी सं उतरि गेल।

## एक नजरि

### दिल्ली मे 5 मंजिला भवन ढहल, 3 गोटेक मृत्यु

**नई दिल्ली :** दिल्लीक सत्य निकेतन क्षेत्र मे रवि दिन 5 मंजिला भवन अनचोके ढहि गेल। दुर्घटना मे 3 छात्रक मृत्यु भेल, जखन कि 3 गोटे गंभीर रूप सं घायल छथि। ढहल भवन करीब 40-50 वर्ष पुरान छल आ ओतय छात्रावास चलैत छल। प्रत्यक्षदर्शी सभक अनुसार, दुर्घटनाक समय छात्र सभ अपन कोठली मे छलाह आ भवनक बेसमेंट मे खुदाइक काज चलि रहल छल। एखन धरि 9 गोटे कें सुरक्षित बाहर निकालल गेल अछि। भवन मे करीब 20-25 कोठली छल आ प्रत्येक कोठली मे दू छात्र रहैत छलाह। दुर्घटनाक समय भवनक भीतर 50 सं बेसी लोकक उपस्थितिक बात कहल जा रहल अछि। पुलिस मामिला दर्ज केने अछि। **(विस्तृत खबरि 11 पर)**

# 6 वर्षक बच्चा मंगलक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक इस्तीफा

## छात्र-युवा संसद मे नेहा बोरा संग पहुंचल आदित्य

**पटना, समदिया**

बिहार मे शिक्षा आ रोजगारक मुद्दा कें लए कए रवि दिन पटनाक एसके मेमोरियल हॉल मे छात्र-युवा संसदक आयोजन कएल गेल। एआइएसए द्वारा आयोजित एहि कार्यक्रमक नाम बिहार मे गूंजत जेन-जेडक आवाज राखल गेल अछि। कार्यक्रम मे राज्य भरि सं करीब 5 हजार छात्र-युवा जुटल छथि। बदहाल शिक्षा-व्यवस्था, बढ़ैत बेरोजगारी, प्रतियोगी परीक्षा मे धांधली, शुल्क मे वृद्धि, विश्वविद्यालयक स्वायत्तता पर हमला आ छात्र-युवाक लोकतांत्रिक अधिकार सहित कतेको मुद्दा पर चर्चा कएल जा रहल अछि।




एआइएसएक राष्ट्रीय अध्यक्ष नेहा बोरा 6 वर्षक आदित्य कें संग लए कए कार्यक्रम मे पहुंचलीह। पहिल कक्षाक छात्र आदित्य पटना मे बीपीएससी टीआरइ-4 अभ्यर्थीक प्रदर्शनक दौरान चर्चा मे आएल छल। आदित्य पुलिस पर अपन माता-पिताक पिटाइ करबाक आ ओकरा हिरासत मे लेबाक आरोप लगौने छल। कार्यक्रमक दौरान ओ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक इस्तीफाक मांग केलक। ओकर कहब छल जे सरकार नोकरी-रोजगार नहि दए सकय, ताहि सरकारक कोनो लाभ नहि अछि।

### शिक्षाक नाम पर भए रहल अछि मजाक : संदीप

कार्यक्रम मे भारतीय कम्युनिस्ट पार्टी (मार्क्सवादी-लेनिनवादी) लिबरेशनक विधायक संदीप सौरभ कहलनि जे किछु दिन पहिने प्रधानमंत्री कहलनि छलाह जे रील बनौनाइ रोजगार अछि। बिहारक मुख्यमंत्री सेहो कहलनि जे सरकारक पक्ष मे रील बनौला पर पैसा देल जाएत।

# पहिने माय-बेटी कें गोली मारलक, फेर महिलाक आंगुर काटि लेलक

- माय-बेटीक स्थिति अछि गंभीर, चलि रहल अछि इलाज

**शिवहर, समदिया**

शिवहर मे अपराधी सभ माय-बेटीक हत्या करबाक प्रयास कएलक। देर राति माय आ ओकर 16 वर्षक बेटी पर गोली चलाओल गेल। बर्बरताक हद ई छल जे गोली मारलाक बादो अपराधी सभक मन नहि भरल आ महिलाक आंगुर धरि बेरहमी सं काटि देलक। ग्रामीण सभक अनुसार, घटना भेलाक समय घर मे कोनो पुरुष सदस्य उपस्थित नहि छल। घटना श्यामपुर भटहां थाना क्षेत्रक लालगढ़ योगिया गामक अछि। गंभीर रूप सं घायल 55 वर्षीया माय आ ओकर बेटी कें प्राथमिक उपचारक बाद मुजफ्फरपुर इलाज लेल रेफर कएल गेल अछि।




# पैघ-पैघ डॉक्टर लग नेहा कें पहुंचेबाक छल शराब!

- फस्ट एसी सं आठ ब्रीफकेश मे भरल शराब संग पकड़ायल छल नेहा

**समस्तीपुर, समदिया**



नेहाक तैयारी खाली शराब लए कए दरभंगा जयबाक नहि छल। ओतय पैघ-पैघ डॉक्टर आ धनाढ्य लोक धरि शराब पहुंचेबाक छलि। ओकर एहि तरहक लोक सभ सं पहिने सं जान-पहचान छल, ताहि लेल ओकरा भरोसा छल जे शराब सहजहि खपि जाएत। समस्तीपुरक शराब तस्करीक मामिला मे पकड़ायल नेहा झाक बारी गामक रहनिहार सुमित ई जानकारी देलनि। मुदा शराबक होम डिलीवरी आ डॉक्टर सभ धरि आपूर्ति सं जुड़ल एहि दाबी सभक पुलिस एखन धरि पुष्टि नहि केने अछि। शुक्र दिन दिल्ली सं दरभंगा जा रहल नेहा झा कें समस्तीपुर मे आरपीएफ पकड़ि लेलक। ओकरा लग आठ ब्रीफकेस आ दूटा बैग छल, जाहि मे करीब डेढ़ लाख रुपैयाक शराब भरल छल। ओकरा संग ओकर पैघ बहिनक दियर ईशान कुमार सेहो छल। दुनू एसी फर्स्ट क्लास मे यात्रा कए रहल छल। नेहा सिंघिया थाना क्षेत्रक बारी गामक वार्ड-12 केर रहनिहार अछि। ओ संजय कुमार झाक बेटी अछि आ ओकर माय पुनीता झा आंगनबाड़ी केंद्र मे सेविका छथि। ओकर दादा शशिभूषण झा बारी पंचायतक पैक्स अध्यक्ष रहि चुकल छथि।

नेहा चारि बहिन मे सभ सं छोट अछि। ओकर एक बहिन निशु झा कें दरभंगा पुलिस शराबक मामिला मे दू बेर पकड़ि जेल पठा चुकल अछि। दोसर बहिन अंजू झा दरभंगाक एकटा डायग्नोस्टिक सेंटर मे काज करैत अछि। नेहाक पिता पंकज कुमार झा खेती-किसानी करैत छथि। करीब दू वर्ष पहिने सिंघिया पुलिस शराबक मामिला मे हुनको गिरफ्तार कए जेल पठा चुकल छल। नेहाक दूटा भाइ अछि। एक गाम मे रहि मैट्रिकक पढ़ाइ करैत अछि, जखन कि दोसर इंटरमीडिएटक बाद सिंघिया मे रहि नीट परीक्षाक तैयारी करैत छल।

ग्रामीण सभक अनुसार नेहा आ ओकर बहिन सभक दरभंगा मे शराबक होम डिलीवरी सं जुड़ल नेटवर्क रहबाक चर्चा अछि। पुलिस कें ओकर द्वारा किछु लड़की कें सेहो एहि काज मे जोड़ि रखबाक सूचना भेटल अछि। मुदा एहि दाबी सभक पुलिस स्तर पर एखन धरि पुष्टि नहि भेल अछि। पुलिसक अनुसार नेहा आ ओकर बहिन सभ दरभंगा मे किरायाक मकान मे रहैत छल। हालांकि, डायग्नोस्टिक सेंटर मे काज करयबाली अंजू झाक विरुद्ध शराब सं जुड़ल कोनो मामिला एखन धरि प्रकाश मे नहि आएल अछि।

# पीएमक जन्मदिन सं शुरू होयत भाजपाक 'सेवा पखवाड़ा'

## 1.25 लाख लोक 'वंदे मातरम' गाबि कए बनाओत रिकॉर्ड, नितिन नवीन बनौलनि रणनीति

**पटना, समदिया**

भाजपा राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष नितिन नवीन भाजपा पटना महानगरक एकदिवसीय जिला कार्यशाला बजौलनि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक जन्मदिनक अवसर पर एक मास धरि विशेष कार्यक्रम आयोजित करबाक निर्णय लेल गेल। प्रधानमंत्री मोदीक जन्मदिन 17 सितंबर सं 17 अक्टूबर 2026 धरि पार्टीक दिस सं सेवा पखवाड़ा अंतर्गत विभिन्न सेवा, जनसंपर्क आ सामाजिक कार्यक्रम चलाओल जाएत। कार्यशालाक सब सं खास रणनीति वंदे मातरमक सामूहिक गायनक माध्यम सं गिनीज वर्ल्ड रिकॉर्ड मे नाम दर्ज करयबाक तैयारी रहल। करीब सवा लाख लोकक एक्के संग अलग-अलग स्थान सं वंदे मातरम गायनक कार्ययोजना तैयार कएल जा रहल अछि। भाजपा एकरा पैघ जनभागीदारी कार्यक्रमक रूप मे आयोजित करबाक तैयारी मे जुटि गेल अछि।



### सवा लाख लोकक सामूहिक गायन सं विश्व रिकॉर्ड बनेबाक तैयारी

भाजपाक दिस सं तैयार कएल जा रहल योजनाक अनुसार, सेवा पखवाड़ाक समापन पर वंदे मातरमक सामूहिक गायनक पैघ कार्यक्रम आयोजित कएल जाएत। एहि मे पंचायत स्तर सं लए कए राज्य आ राष्ट्रीय स्तर धरि जनप्रतिनिधि आ पार्टी कार्यकर्ता सभ कें शामिल करबाक तैयारी अछि। कार्यक्रम मे पंचायत प्रतिनिधिक संग विधायक, विधान परिषद सदस्य, लोकसभा सांसद, राज्यसभा सांसद, मंत्री आ पार्टीक विभिन्न स्तरक पदाधिकारी आ कार्यकर्ता शामिल होतीह। करीब 1 लाख 25 हजार लोक एक्के संग अलग-अलग स्थान सं वंदे मातरमक गायन करताह। एहि सामूहिक आयोजन कें रिकॉर्डक रूप मे दर्ज करयबाक लेल गिनीज वर्ल्ड रिकॉर्ड मे नाम शामिल करयबाक प्रयास कएल जाएत।

### 'वंदे मातरम'क संग होयत अभियानक भव्य समापन

17 सितंबर सं शुरू होयवला सेवा पखवाड़ाक समापन सेहो वंदे मातरमक सामूहिक गायनक संग करबाक योजना अछि। पार्टीक रणनीति अछि जे एक मास धरि सेवा आ सामाजिक गतिविधिक माध्यम सं लोक सं जुड़लाक बाद अभियानक समापन पैघ स्तर पर राष्ट्रभावना सं जुड़ल कार्यक्रमक संग कएल जाए। एहि आयोजन कें पंचायत स्तर धरि व्यापक बनयबाक तैयारी अछि। पार्टी संगठन आ जनप्रतिनिधिक भागीदारी सुनिश्चित करबाक लेल अलग-अलग स्तर पर कार्ययोजना बनाओल जा रहल अछि।

### एक मास धरि चलत सेवा आ सामाजिक कार्यक्रम

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक जन्मदिन सं शुरू होयवला एहि विशेष अभियानक दौरान पटना महानगर क्षेत्र मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कएल जाएत। एहि मे रक्तदान शिविर, स्वच्छता अभियान, पौधारोपण आ पर्यावरण संरक्षण सं जुड़ल कार्यक्रम प्रमुख रूप सं शामिल अछि। भाजपा कार्यकर्ता सभ कें निर्देश देल गेल अछि जे एहि कार्यक्रम सभ कें मंडल आ बूथ स्तर धरि व्यापक रूप सं पहुंचाओल जाए, जाहि सं बेसी सं बेसी लोकक भागीदारी सुनिश्चित भए सकय। पार्टीक प्रयास अछि जे प्रधानमंत्रीक जन्मदिन कें मात्र उत्सवक रूप मे नहि मनाओल जाए, बल्कि एकरा जनसेवा आ सामाजिक सरोकार सं जोड़ल जाए।

### घर-घर पहुंचाओल जाएत मोदी सरकारक उपलब्धि

कार्यशाला मे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक सार्वजनिक जीवन आ सरकारक उपलब्धि कें जनता धरि पहुंचयबाक रणनीति पर सेहो चर्चा कएल गेल। भाजपा कार्यकर्ता सभ सं कहल गेल जे ओ केंद्र सरकारक प्रमुख योजना आ विकास कार्यक जानकारी आम लोक धरि पहुंचाबथि। पार्टी संगठनक दिस सं मंडल आ बूथ स्तरक कार्यकर्ता सभ कें जनसंपर्क अभियान मे सक्रिय भूमिका निभयबाक जिम्मेदारी देल जा रहल अछि। एहि अंतर्गत आम लोक सं संवाद कए केंद्र सरकारक योजना आ उपलब्धि कें घर-घर पहुंचयबाक तैयारी अछि।

### युवा आ नव मतदाता सभ पर सेहो विशेष फोकस

कार्यशाला मे जेन-जेड आ नव मतदाता सभ सं जुड़यबाक रणनीति पर सेहो विशेष जोर देल गेल। पटनाक कॉलेज आ युवा सभक बीच पार्टीक पहुंच बढ़ेबाक संग नव मतदाता सभ कें संगठनात्मक आ डिजिटल माध्यम सं जोड़यबाक योजना बनाओल गेल अछि। एहि लेल नमो ऐप सहित अन्य डिजिटल प्लेटफॉर्मक उपयोग कए युवा सभ धरि पहुंचय आ हुनका अभियान सं जोड़य पर जोर देल गेल।

# बिहारक बाढ़ि कें राष्ट्रीय आपदा घोषित करय केंद्रः तेजस्वी

- मांगलनि 5 हजार करोड़क मदति
- कहलनि- 19 जिला मे 20 लाख सं बेसी लोक प्रभावित

**पटना, समदिया**

बिहार मे बाढ़िक बिगड़ैत स्थिति कें लए विपक्षी नेता तेजस्वी यादव केंद्र आ राज्य सरकार पर हमला कएलनि। ओ कहलनि जे बिहारक करीब 76 प्रतिशत भूभाग बाढ़िक चपेट मे अछि आ राज्यक 19 जिला एखन भीषण बाढ़ि सं प्रभावित अछि। तेजस्वी यादव दावा कएलनि जे 20 लाख सं बेसी लोक बाढ़ि मे फंसल छथि।

ओ केंद्र सरकार सं बिहारक बाढ़ि कें राष्ट्रीय आपदा घोषित करबाक आ तत्काल 5 हजार करोड़ रुपैयाक विशेष वित्तीय सहायता देबाक मांग कएलनि।

### 19 जिला मे भीषण बाढ़ि, लाखो लोक प्रभावित

तेजस्वी यादव कहलनि जे बाढ़िक कारण पैघ संख्या मे लोक प्रभावित भेल छथि। कतेको इलाका मे लोकक सामने भोजन आ सुरक्षित स्थानक समस्या ठाढ़ भए गेल अछि। ओ दावा कएलनि जे पशुपालक सभक मवेशी बाढ़िक पानि मे डूबि कए बहि गेल अछि।

ओतहि सड़क सहित सार्वजनिक ढांचा कें सेहो भारी क्षति पहुंचल अछि। तेजस्वी



कहलनि जे बाढ़िक कारण हजारो करोड़ रुपैयाक जान-मालक क्षति भेल अछि।

### बिहार सरकार पर राहति मे उदासीनताक आरोप

विपक्षक नेता बिहार सरकार पर बाढ़ि पीड़ित सभक सहायता मे उदासीनता बरतबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे राज्य सरकार बाढ़ि जकां गंभीर आपदा सं निपटबा मे पूरा तरहे विफल साबित भए रहल अछि।

प्रभावित लोक धरि पर्याप्त राहति सामग्री नहि पहुंचि रहल अछि। ओ केंद्र सं तत्काल हस्तक्षेप कए राहति आ बचाव अभियान कें तेज करबाक मांग कएलनि।

तेजस्वी यादव केंद्र सरकार सं बिहार कें तत्काल 5 हजार करोड़ रुपैयाक विशेष वित्तीय सहायता देबाक मांग कएलनि। ओ कहलनि जे एहि राशि सं बाढ़ि प्रभावित लोक कें राहति देबाक संग क्षतिग्रस्त सार्वजनिक ढांचाक मरम्मत आ पुनर्वासक काज कएल जा सकत। संगहि ओ बिहारक बाढ़ि कें राष्ट्रीय आपदा घोषित करबाक मांग सेहो दोहरौलनि। ओ कहलनि जे जरूरतमंद लोक धरि भोजन, दवाइ आ अन्य जरूरी सामान हवाई माध्यम सं पहुंचाओल जाए।

तेजस्वी यादव प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सं सेहो बिहारक तत्काल दौरा करबाक अपील कएलनि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री स्वयं बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक स्थितिक जायजा लथि आ केंद्रक दिस सं बिहार कें तत्काल राहति उपलब्ध कराबी। ओ कहलनि जे एहि समय बिहार कें राजनीतिक बयानबाजी नहि, बल्कि केंद्रक ठोस मददक जरूरत अछि।

# कांग्रेस शिक्षा सत्याग्रह अभियान शुरू केलक

## वित्त रहित शिक्षकक मुद्दा लए प्रदर्शन

### 3 मास चलत हस्ताक्षर अभियान

**पटना, समदिया**

कांग्रेस शिक्षा सत्याग्रह अभियान शुरू केने अछि। वित्त रहित शिक्षकक मुद्दा कें लए कांग्रेस आइ सं गर्दनीबाग मे अनिश्चितकालीन हड़ताल पर बैसल अछि।

काल्हि कांग्रेस सेवा दल दिस सं कफन पदयात्रा निकालल गेल छल, मुदा सरकार द्वारा हुनकर मांग सभ पूरा नहि कएल गेल। एहि कें लए रवि सं सभ लोक अनिश्चितकालीन हड़ताल पर बैसल छथि।

कांग्रेस राज्यव्यापी हस्ताक्षर अभियान सेहो चलाओत। ई अभियान 3 मास धरि चलत आ ओकर बाद एकरा राष्ट्रपति कें पठाओल जायत तथा मामिला मे हस्तक्षेप करबाक अपील कएल जायत।

### कांग्रेस सेवा दल राज्यक विभिन्न जिला मे शुरू कएलक आंदोलन

सेवा दलक चेयरमैन डॉ. संजय यादव कहलनि जे एहि उद्देश्य सं बिहार प्रदेश कांग्रेस सेवा दल राज्यक विभिन्न जिला मे आंदोलन शुरू केने अछि।

धरना-प्रदर्शन, पदयात्रा आ ज्ञापनक माध्यम सं शिक्षक आ कर्मचारी सभक मांग जिला प्रशासन आ सरकार धरि पहुंचाओल गेल अछि। हमरा सभ कें प्रत्येक जिला मे शिक्षक आ कर्मचारी सभक भारी समर्थन भेटल अछि।

एहि सं स्पष्ट अछि जे वित्त रहित शिक्षा नीति आब मात्र कोनो एक संगठन वा जिलाक विषय नहि रहल अछि। ई पूरा बिहारक शिक्षक समाजक पैघ मुद्दा बनि चुकल अछि।

ओ कहलनि, ह्लजं सरकार मांग पूरा नहि कए सकैत अछि तं तमाम शिक्षक कें कफन दए दए, जाहि सं हम ई बात गर्व सं कहि सकब जे हुनका खाना-कपड़ा तं नहि भेटल, मुदा सरकार अपन हाथ सं कफन जरूर देलक।ह्व

### शिक्षक संगठनक समस्या सीधे सुनल जाए

सरकार संस्थानक मान्यता, संबद्धता, विद्यार्थी सभक संख्या, शिक्षकक योग्यता, नियुक्तिक प्रक्रिया आ सेवा अवधिक जांच कए सकैत अछि। मुदा जांच आ प्रक्रियाक नाम पर समस्या कें अनिश्चितकाल धरि लंबित नहि राखल जाए।

सरकार कें नियमित वेतनमानक संग पेंशनक व्यवस्था पर सेहो गंभीरतापूर्वक विचार करबाक चाही। हम सरकार सं ई मांग सेहो करैत छी जे वित्त रहित शिक्षक आ शिक्षकेत्तर कर्मचारी सभक प्रतिनिधि संग तत्काल संवाद शुरू कएल जाए। शिक्षक संगठन सभ कें बजाओल जाए आ हुनकर समस्या सीधे सुनल जाए।

# रीतलाल यादवक जमानत याचिका सुप्रीम कोर्ट मे खारिज

- ट्रायल कोर्ट कें शीघ्र आरोप तय करबाक आदेश
- पटना हाईकोर्ट सेहो जमानत केने छल खारिज

**पटना, समदिया**

आरजेडी नेता आ पूर्व विधायक रीतलाल यादव कें सुप्रीम कोर्ट सं राहति नहि भेटल अछि। कोर्ट हुनकर जमानत याचिका खारिज कए देलक अछि।

संगठित अपराध आ रंगदारी सं जुड़ल मामिला मे पटना हाईकोर्ट हुनकर जमानत याचिका खारिज केने छल। एकर बाद ओ सुप्रीम कोर्ट मे याचिका दाखिल केने छलाह। 3 सितंबर कें एहि मामिलाक सुनवाइ भेल। रीतलाल यादवक दिस सं वरिष्ठ वकील कपिल सिब्बल कोर्ट मे पक्ष रखलनि। सुप्रीम कोर्ट मे जस्टिस दीपांकर दत्ता आ जस्टिस शील नागूक पीठ मामिलाक सुनवाइ कएलनि। कोर्ट कहलनि, पटना हाईकोर्टक ओहि आदेश मे हस्तक्षेप नहि कए सकैत छी, जाहि मे रीतलाल यादवक जमानत याचिका खारिज कएल गेल छल। एकर बाद सुप्रीम कोर्ट रीतलाल



यादवक विशेष जमानत याचिका खारिज कए देलक।

सुप्रीम कोर्ट ट्रायल कोर्ट कें निर्देश देलक जे मामिला मे आरोप तय करबाक प्रक्रिया शीघ्र पूरा कएल जाए। कोर्ट ई सेहो कहलनि जे आरोप तय होयबाक तारीख सं अगिला एक वर्ष मे जं ट्रायल मे प्रगति नहि होइत अछि, तं रीतलाल यादव फेर पटना हाईकोर्ट सं जमानत मांगि सकैत छथि।

सुप्रीम कोर्ट जमानतक अगिला संभावना संग एकटा शर्त सेहो राखलक अछि। जं रीतलाल यादव एक वर्ष बाद हाईकोर्ट मे जमानतक मांग करैत छथि, तं हुनका ट्रायल कें शीघ्र आगू बढ़ेबाक प्रक्रिया मे पूरा सहयोग करय पड़त। अर्थात एखन हुनका जमानत नहि भेटल अछि, मुदा आरोप तय भेलाक बाद एक वर्ष धरि मुकदमा मे पर्याप्त प्रगति नहि होइत अछि, तं हुनकर फेर हाईकोर्ट जाएबाक बाट खुलल रहत।

### कपिल सिब्बल रखलनि रीतलाल यादवक पक्ष

सुनवाइक दौरान रीतलाल यादवक दिस सं वरिष्ठ अधिवक्ता कपिल सिब्बल दलील रखलनि। कोर्टक सुनवाइ सं जुड़ल रिपोर्ट मे सिब्बलक दिस सं पीठक समक्ष अपन बात रखबाक सेहो उल्लेख अछि। रिपोर्ट मे हुनकर एकटा टिप्पणीक अंश सामने आएल अछि, मुदा ओकर पूरा संदर्भ उपलब्ध नहि अछि।

### संगठित अपराध आ रंगदारी सं जुड़ल अछि मामिला

रीतलाल यादवक विरुद्ध संगठित अपराध आ रंगदारीक आरोप सं जुड़ल मामिला अछि। अभियोजन पक्षक आरोप अछि जे रीतलाल यादव अन्य लोकक संग एकटा संगठित गिरोहक हिस्सा रहलाह। आरोप अछि जे रियल एस्टेट कारोबारी आ व्यवसायी सभ सं धमकी दए पाइक मांग कएल जाइत छल। जांच एजेंसी सभ ई आरोप सेहो लगौने अछि जे एहि गतिविधि सभक माध्यम सं ज्ञात आय सं बेसी संपत्ति अर्जित कएल गेल अछि। मुदा ई सभ आरोप मात्र अछि आ मामिला मे आखरी फैसला ट्रायल दौरान होयत।

### हाईकोर्टक बाद सुप्रीम कोर्ट पहुंचल छलाह

पटना हाईकोर्ट सं जमानत नहि भेटलाक बाद रीतलाल यादव सुप्रीम कोर्टक दरवाजा खटखटौने छलाह। सुप्रीम कोर्ट फिलहाल हाईकोर्टक जमानत सं जुड़ल आदेश मे हस्तक्षेप नहि कएलक अछि। आब मामिलाक आगूक दिशा ट्रायल कोर्ट मे आरोप तय होयब आ ओकर बाद मुकदमाक गति पर निर्भर करत।

### भागलपुर जेल मे बंद छथि रीतलाल यादव

पटना पुलिस रंगदारी मांगबाक आरोप मे गिरफ्तार कए हुनका बेउर जेल पठौने छल। एकर बाद सुरक्षा कारण सं भागलपुर स्थित विशेष केंद्रीय कारा मे स्थानांतरित कएल गेल। हुनका जेलक तेसर खंडक टी सेल मे राखल गेल अछि। एतहि जेपी आंदोलनक दौरान नीतीश कुमार, राजबल्लभ यादव, मुंगेरक कुख्यात अशोक महतो, इंदिरा गांधीक हत्यारा जसवंत सिंह आ बाहुबली विधायक अनंत सिंह कें सेहो स्थानांतरित कएल गेल छल।

### रीतलाल पर बिल्डर सं रंगदारी मांगबाक आरोप लागल छल

रीतलाल यादव पर एकटा बिल्डर सं रंगदारी मांगबाक गंभीर आरोप लागल छल। बिल्डर सं 50 लाखक रंगदारी मांगबाक मामिला मे पटना पुलिस केस दर्ज केने छल। एकर बाद सं रीतलाल फरार छलाह। फेर 17 अप्रैल कें कोर्ट मे आत्मसमर्पण कएलनि। आत्मसमर्पणक बाद हुनका न्यायिक हिरासत मे लए बेऊर जेल पठाओल गेल छल।

# पटना मे जुटलाह देशभरिक गाइनी कैंसर विशेषज्ञ, इलाज मे आधुनिक सर्जरी पर जोर

## लाइव सर्जरी मे रोबोटिक इंडोमेट्रियल सर्जरी आ एचआईपीईसी तकनीक देखाओल गेल

**पटना, समदिया**

पटना मे एविडेंस टू एक्सीलेंस इन गाइनेकोलॉजिक ऑन्कोलॉजी कार्यक्रम आयोजित भेल। एहि दौरान लाइव सर्जरी मे रोबोटिक इंडोमेट्रियल सर्जरी, एचआईपीईसीक संग सीआरएस आ रेडिकल हिस्टेरेक्टॉमी जकां तकनीक पर चर्चा कएल गेल। एहि कार्यक्रमक आयोजन सवेरा कैंसर अस्पताल, सोसाइटी ऑफ ऑन्कोलॉजी बिहार आ पटना ऑब्स्टेट्रिक एंड गाइनेकोलॉजिकल सोसाइटी संयुक्त सहयोग सं कएल गेल। कार्यक्रम मे विशेषज्ञ सभ कहलनि जे महिला सभ मे गाइनी कैंसरक इलाज लेल आधुनिक तकनीकक उपयोग जरूरी अछि। एहि सं इलाजक नीक परिणाम भेटैत अछि। कैंसरक जटिलता कें देखैत समय पर जांच, सही इलाज आ नव सर्जिकल तकनीक धरि रोगी सभक पहुंच बढ़ेनाइ जरूरी अछि।

### बेमारीक समय पर पहिचान आ इलाज जरूरी : डॉ. हेमंत बी. टोंगांवकर

मुंबईक नानावती मैक्स अस्पतालक सर्जिकल ऑन्कोलॉजिस्ट डॉ. हेमंत बी. टोंगांवकर वैज्ञानिक सत्र कें संबोधित कएलनि। ओ कहलनि जे कैंसरक मामिला तेजी सं बढ़ि रहल अछि, जे चिंताक विषय अछि। एहि सं बचाव लेल जागरूकताक संग बेमारीक समय पर पहचान आ इलाज जरूरी अछि।

डॉ. टोंगांवकर बतौलनि, महिला सभ मे गाइनी कैंसरक कतेको कारण अछि। एहि मे बदलैत जीवनशैली आ स्वास्थ्यक प्रति जागरूकताक कमी सेहो शामिल अछि। खास कए ग्रामीण क्षेत्रक कतेको महिला अपन स्वास्थ्य सं जुड़ल बात परिवार अथवा डॉक्टर सं खुलि कए नहि बता पबैत छथि। विशेषज्ञ सभ ई सेहो कहलनि जे जं बेमारीक पहचान शुरूआती अवस्था मे भए जाए, तं इलाजक नीक विकल्प उपलब्ध होइत अछि आ रोगीक स्वस्थ होयबाक संभावना सेहो बढ़ि जाइत अछि।

### ओपन सं लैप्रोस्कोपिक आ आब रोबोटिक सर्जरी धरि पहुंचल इलाज

डॉ. हेमंत बी. टोंगांवकर कहलनि, कैंसर सर्जरीक तकनीक मे निरंतर बदलाव भए रहल अछि। पहिने जतए ओपन सर्जरी प्रमुख विकल्प छल, ततए ओकर बाद लैप्रोस्कोपिक सर्जरी स्थान लेल। आब रोबोटिक सर्जरी तेजी सं



आधुनिक कैंसर उपचारक महत्वपूर्ण हिस्सा बनि रहल अछि। ओ कहलनि जे नव तकनीकक उद्देश्य मात्र तकनीकक उपयोग करनाइ नहि, बल्कि रोगी कें नीक आ सुरक्षित उपचार उपलब्ध करेनाइ होयबाक चाही।

### सवेरा कैंसर अस्पतालक कार्यक सराहना

डॉ. टोंगांवकर सवेरा कैंसर अस्पतालक दिस सं कैंसरक विशिष्ट उपचार आ जागरूकताक क्षेत्र मे कएल जा रहल कार्यक सराहना कएलनि। ओ कहलनि, अस्पताल मे महिला सभ मे होयवला जटिल कैंसरक संग पुरुष सभ मे होयवला गंभीर कैंसरक सेहो आधुनिक तकनीक सं उपचार कएल जा रहल अछि। जांच सं लए कए संपूर्ण कैंसर उपचार धरि सुविधा एक्कहि स्थान पर उपलब्ध होनाइ रोगी सभ लेल महत्वपूर्ण अछि।

### लाइव सर्जरी मे देखाओल गेल आधुनिक उपचार तकनीक

वर्कशॉप मे रोबोटिक इंडोमेट्रियल सर्जरी, एचआईपीईसीक संग सीआरएस आ सर्वाइकल कैंसरक उपचार मे रेडिकल हिस्टेरेक्टॉमी पर विशेष चर्चा कएल गेल। लाइव सर्जरीक माध्यम सं चिकित्सक सभ कें जटिल कैंसर सर्जरीक प्रक्रिया, तकनीकी पक्ष आ उपचारक दौरान बरतल जाएवला सावधानीक जानकारी देल गेल।

विशेषज्ञ सभ कहलनि जे कैंसर उपचार मे निरंतर नव पद्धति विकसित भए रहल अछि। एहि तकनीक सभ कें चिकित्सक सभ धरि पहुंचेनाइ जरूरी अछि, जाहि सं रोगी सभ कें आधुनिक उपचारक लाभ भेटि सकय।

### गाइनी कैंसरक आधुनिक उपचार पर देल गेल जोर

गाइनी ऑन्कोलॉजिस्ट एवं रोबोटिक सर्जरी विशेषज्ञ डॉ. अमित टंडन, वाराणसी आ सर्जिकल ऑन्कोलॉजिस्ट डॉ. स्वप्निल पटेल सेहो गाइनी कैंसरक आधुनिक उपचार पर अपन विचार रखलनि। हुनका सभ उपचारक बदलैत तकनीक, जटिल मामिलाक प्रबंधन आ रोगी सभ कें नीक उपचार उपलब्ध करयबाक जरूरत पर चर्चा कएलनि।

### कैंसर उपचारक आगां आर्थिक आ तकनीकी चुनौती

कार्यक्रमक सीएमई एवं वर्कशॉप आयोजन समितिक अध्यक्ष डॉ. वी.पी. सिंह कहलनि, गाइनी कैंसर सहित सभ प्रकारक कैंसरक उपचार मे कतेको चुनौती अछि। एहि मे रोगी सभक आर्थिक स्थिति एकटा पैघ समस्या अछि। ओ कहलनि जे बिहार जकां राज्य मे एहि चुनौती सं निपटबाक लेल जागरूकता आ प्रशिक्षण, दूनू स्तर पर काज करबाक जरूरत अछि। एहि उद्देश्य सं सवेरा कैंसर अस्पतालक दिस सं सोसाइटी ऑफ ऑन्कोलॉजी बिहार आ पीओजीएसक सहयोग सं व्यापक जागरूकता अभियान चलाओल जा रहल अछि। वर्कशॉप एहि अभियानक महत्वपूर्ण कड़ी अछि।

### पैरामेडिकल स्टाफ कें सेहो देल जा रहल प्रशिक्षण

डॉ. वी.पी. सिंह बतौलनि जे कैंसर उपचार मे डॉक्टरक संग पैरामेडिकल स्टाफक भूमिका सेहो महत्वपूर्ण अछि। तें पैरामेडिकल कर्मी सभ कें कौशल प्रशिक्षणक संग प्रमाणन आ उन्नत प्रशिक्षणक नीक व्यवस्था उपलब्ध करय पर सेहो काज कएल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे कैंसर रोगीक इलाज मे डॉक्टरक पूरा टीम एक्के संग काज करैत अछि। एहन स्थिति मे नर्सिंग, पैरामेडिकल आ सहयोगी स्टाफ कें आधुनिक तकनीक आ उपचार प्रक्रियाक जानकारी रहनाइ जरूरी अछि। एहि दिशा मे सवेराक टीम महत्वपूर्ण भूमिका निभा रहल अछि।

### पीओजीएस पदाधिकारी सभ सेहो रखलनि विचार

कार्यक्रम मे पीओजीएसक अध्यक्ष डॉ. प्रज्ञा चौधरी, सचिव डॉ. निभा मोहन, आयोजन सचिव डॉ. आकाश कुमार सिंह आ सह-सचिव डॉ. राहुल कुमार चौधरी सेहो गाइनी कैंसरक रोकथाम, समय पर जांच आ आधुनिक उपचार कें लए अपन विचार रखलनि।

### उद्घाटन समारोह मे कतेको प्रमुख चिकित्सक उपस्थित छलाह

कार्यक्रमक उद्घाटन समारोह मे डॉ. वी.पी. सिंह, डॉ. आकाश, डॉ. राहुल, पद्मश्री डॉ. आरएन सिंह, पद्मश्री डॉ. जेके सिंह, डॉ. शांति रॉय, डॉ. मंजू गीता मिश्रा, डॉ. प्रज्ञा मिश्रा, डॉ. बी. सान्याल, एनएमसीएचक प्राचार्य डॉ. ऊषा कुमारी, डॉ. एस. सरकार आ डॉ. निभा मोहन सहित कतेको प्रमुख चिकित्सक उपस्थित छलाह। विशेषज्ञ सभ कहलनि जे गाइनी कैंसरक नीक उपचार लेल आधुनिक तकनीक, प्रशिक्षित मेडिकल टीम आ समय पर बेमारीक पहचान- एहि तीनू पर एक्के संग काज करबाक जरूरत अछि।

# बिहार मे गूंजल जेनजीक आवाज, शिक्षा आ रोजगारक सवाल पर जुटल छात्र युवा

## नेहा बोरा 70म बीपीएससी परीक्षा रद्द करबाक, दरोगा परीक्षा मे धांधलीक जांचक केली मांग

**पटना, समदिया**

पटना स्थित एस.के. मेमोरियल हॉल मे एआइएसए आरवाइएक आह्वान पर बिहार मे गूंजेगी जेनजीक आवाज कार्यक्रम आयोजित भेल। एहि मे बिहारक विभिन्न भाग सं आएल छात्र-युवा, जेनजी आ जेनअल्फाक प्रतिनिधि तथा विभिन्न आंदोलन सं जुड़ल लोक सहभागी भेलाह। कार्यक्रम मे शिक्षा, रोजगार, प्रतियोगी परीक्षाक अनियमितता, पुलिस-प्रशासनिक दमन आ छात्र-युवाक अधिकार सं जुड़ल मुद्दा प्रमुखता सं उठाओल गेल। तीन सत्र मे आयोजित कार्यक्रमक पहिल सत्र जुल्म फेर जुल्म अछि, बढ़ैत अछि तं मेटि जाइत अछि मे हालक आंदोलन मे दमन आ संघर्षक सामना कएनिहार छात्र-युवाक अनुभव साझा कएल गेल। दोसर सत्र आंदोलनक आवाज मे






विश्वविद्यालयक स्वायत्तता, शिक्षा, रोजगार आ छात्र-युवा आंदोलनक राजनीतिक सवाल पर चर्चा भेल। एआइएसएक राष्ट्रीय अध्यक्ष नेहा बोरा, आरवाइएक राष्ट्रीय अध्यक्ष अजीत कुशवाहा, विधायक संदीप सौरभ आ जेपीएससी आंदोलन सं जुड़ल हबीबा सहित विभिन्न वक्ता अपन विचार रखलनि। आखरी सत्र मे नेहा बोरा 70म बीपीएससी परीक्षा रद्द करबाक, दरोगा परीक्षा मे धांधलीक जांच, बीएसएससीक बहाली, सभ प्रतियोगी परीक्षा मे छात्रक ओएमआर कॉपी उपलब्ध कराबय आ परीक्षा कैलेंडर जारी करबाक मांग उठौलनि। संगहि नब शिक्षा नीति-2020 अंतर्गत 7.5 सीजीपीएक मांग आ सरकारी स्कूलक बदहाल व्यवस्थाक मुद्दा सेहो उठाओल गेल। भाकपा मालेक महासचिव दीपांकर भट्टाचार्य कहलनि जे शिक्षा, रोजगार आ लोकतांत्रिक अधिकारक सवाल पर उठि रहल युवा आवाज कें दबाओल नहि जा सकैत अछि। कार्यक्रम मे छात्र-युवा आंदोलन कें बेसी व्यापक बनयबाक संकल्प लेल गेल।

# 97 वर्षक वृद्धा दस दिन बाद मलबा मे जीवित भेटली

**जनकपुरधाम/मिश्रीलाल मधुकर**



नेपाल मे 26 अगस्त कें भोटेकोशी नदी मे आएल विनाशकारी बाढ़िक दौरान मलवा मे जिंदा दबि गेल 97 वर्षीय महिला गुनमाया बोहरा कें दस दिन बाद बचाव दल जीवित अवस्था मे बाहर निकालि लेलक। हुनका 81 बरख पहिने पति होम प्रसाद बोहराक मृत्यु भए गेल छल। गुनमाया बोहराक विवाह आठ वर्षक उम्र मे भेल छल। ओ बाल विवाहक समय मे नुवाकोटक सूर्यगढ़ी मे अपन ससुराल आएल छलथि। हुनकर पति होम प्रसाद बोहरा सेहो बहुत कम उम्रक छलाह। विवाहक करीब आठ वर्षक भीतर हुनकर पति चलि गेलाह। पति केर मृत्यु सं चारि बरख बाद हुनकर माता पिताक सेहो मृत्यु भए गेल। किछु वर्षक बाद हुनकर भाइ सेहो नहि रहलाह। एहि तरहें 20 वर्षक उम्र होइत-होइत हुनकर सभ नजदीकी रक्त संबंधी संसार सं विदा भए चुकल छलाह। पति केर मृत्यु कए बाद बोहरानें हुनकर परिवार कें अपन परिवार मानि लेलनि आ शेष जीवन ओहि परिवारक संग बितौलनि। हुनकर पतियाक तीन भाइ, हुनकर पत्नी आ बच्चा सभे हुनकर परिवार बनि गेल। अपन कोनो निकट संबंधी नहि रहितो ओ परिवारक 25 पोता-पोतीक पालन-पोषण मे सहयोग कएलनि। आब एहि पोता-पोती सभक बीच सं लोक बारी-बारी सं बीर अस्पताल मे हुनकर देखभाल कए रहल छथि, जतय हुनकर इलाज चलि रहल अछि। 83 वर्षक उम्र मे बोहरा देवीघाट स्थित एक वृद्धाश्रम मे रहय लगलथि, जाहि सं हुनकर पोता-पोती आ भतीजा सभ हुनका सं सहजता सं भेंट कए सकथि। 26 अगस्त कें ओहि वृद्धाश्रम मे भीषण बाढ़ि आबि गेल। नेपाल सेना आ नेपाल प्रहरीक बचावकर्मी सभ करीब चारि घंटा धरि मलवा हटौलनि। अथक प्रयासक बाद 97 वर्षीय गुनमाया बोहरा कें मलवा मे जिंदा दबले अवस्था मे बाहर निकालि लेल गेल। डॉक्टरक अनुसार, एहि घटना सं बोहरा गहिर मानसिक आघात सं गुजरि रहल छथि।

# प्रधानमंत्रीक 25 वर्षक सार्वजनिक जीवन सेवा आ राष्ट्रनिर्माण लेल समर्पित : नित्यानंद राय

**दरभंगा, समदिया**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक सार्वजनिक जीवनक 25 बरख पूरा होयबाक अवसरपर भाजपा द्वारा 17 सितंबर सं 17 अक्टूबर 2026 धरि आयोजित होमयवला सेवा संकल्प अभियानकें लए कए रवि दिन भाजपा जिला कार्यालयक सभागार मे जिलास्तरीय कार्यशाला आयोजित भेल। अध्यक्षता भाजपा जिलाध्यक्ष प्रो. आदित्य नारायण मन्ना कएलनि। कार्यशाला मे केंद्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय, बिहार सरकारक वन, पर्यावरण आ जलवायु परिवर्तन मंत्री डॉ. रामचंद्र प्रसाद, पार्टीक विधायक, विधान पार्षद, पदाधिकारी आ पैघ संख्या मे कार्यकर्ता उपस्थित छलाह। कार्यशाला कें संबोधित करैत केंद्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक 25 वर्षक सार्वजनिक जीवन सेवा, समर्पण, संघर्ष, सुशासन आ राष्ट्रनिर्माणक प्रेरणादायी यात्रा अछि। एकटा



सामान्य कार्यकर्ता सं गुजरातक मुख्यमंत्री आ तकर बाद देशक प्रधानमंत्री धरि हुनकर यात्रा मे ओ अपन प्रत्येक क्षण राष्ट्रहित आ जनसेवाक लेल समर्पित कएलनि।

ओ कहलनि जे 17 सितंबर सं शुरू भए 17 अक्टूबर धरि चलयवला एहि अभियानक उद्देश्य प्रधानमंत्रीक 25 वर्षक सार्वजनिक जीवन मे कएल गेल सेवाकार्य, गरीब कल्याण, सुशासन, विकास आ राष्ट्रनिर्माणक कार्य कें समाजक प्रत्येक वर्ग धरि पहुंचेनाइ अछि। ओ कार्यकर्ता सभ सं जिला, मंडल, शक्ति केंद्र आ बूथ स्तर धरि कार्यक्रम आयोजित करबाक तथा गाम-गाम आ घर-घर पहुंचि लाभार्थी सभ सं संवाद करबाक आह्वान कएलनि। नित्यानंद राय कहलनि जे अभियानक दौरान स्वच्छता, स्वास्थ्य, रक्तदान, जनजागरूकता, सामाजिक सेवा, लाभार्थी संपर्क, युवा आ महिला सहभागिता सहित विभिन्न जनसेवाक गतिविधि आयोजित कएल जायत। आशीर्वादक दीया, नमो सेवा गाथा, आंगनक उत्सव, बदलावक कहानी, सेवा ज्योति यात्रा, सेवा हमर योगदान, सेवा सेतु अभियान आ जनसेवा महाकुंभ जकां कार्यक्रम एकर प्रमुख गतिविधि मे शामिल रहत।

### लोजपा (रा.)क प्रदेश प्रधान महासचिव बनलाह कैप्टन नंद कुमार पासवान

**सीतामढ़ी।** लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास) संगठनक विस्तार करैत कैप्टन नंद कुमार पासवान कें पार्टीक प्रदेश प्रधान महासचिव मनोनीत कएलक अछि। पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष सह केंद्रीय मंत्री चिराग पासवानक निर्देशपर बिहार, झारखंड आ उत्तर प्रदेशक प्रदेश संगठन प्रभारी सह जमुई सांसद अरुण भारती आ प्रदेश अध्यक्ष सुरेंद्र विवेक हुनकर मनोनयनक घोषणा कएलनि। कैप्टन नंद कुमार पासवानक मनोनयन सं पार्टी कार्यकर्ता सभ मे खुशीक माहौल अछि। लोजपा (रामविलास)क वरिष्ठ नेता रंजन सिंह सहित अन्य नेता आ कार्यकर्ता हुनका बधाई आ शुभकामना देलनि। एहि अवसरपर रंजन सिंह कहलनि जे कैप्टन नंद कुमार पासवान ओहि समय मे लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास)क संग जुड़लाह, जखन पार्टीक संगठन बिखरल छल आ धरातलपर काज करबाक आवश्यकता छल। एहन समय मे कैप्टन नंद कुमार पासवान अपन जिम्मेदारी कें बखूबी बुझैत चिराग पासवानक नीति कें धरातलपर उतारबाक लेल दिन-राति काज कएलनि।

# एसएसबी जवानक कारबाइ मे 2.4 लीटर कफ सिरपक संग एक तस्कर गिरफ्तार

**जयनगर, समदिया**

जयनगर 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक सी कंपनी, पिपरौनक अंतर्गत सीमा चौकी महादेवपट्टीक कार्यक्षेत्र मे प्रतिबंधित आ नशीला दवाक अवैध तस्करीक विरुद्ध कारबाइ करैत 24 बोतल ओनेरेक्स कफ सिरपक संग एक व्यक्ति कें गिरफ्तार कएल गेल। भेटल गुप्त सूचनाक आधार पर सीमा चौकी महादेवपट्टी सं एकटा विशेष नाका दल गठित कएल गेल। सहायक उपनिरीक्षक (सामान्य) मनी कुमार सिंहक नेतृत्व मे तीन अन्य जवानक संग नाका दल करीब 20:35 बजे निर्धारित स्थान दिस रवाना भेल। नाका दल सीमा स्तंभ संख्या 283/17 सं करीब 900 मीटर भीतर भारतीय क्षेत्र मे उमगांव बैंक चौकक लग पहुंचल। एहि क्रम मे एक व्यक्ति पीयर रंगक थैला लए कए जाइत देखाइ देल, जे प्राप्त सूचनाक अनुरूप छल। नाका दल कें देखिते उक्त व्यक्ति



थैला फेकि कए भागबाक प्रयास केलक, मुदा जवान सभ तत्परता सं कारबाइ करैत ओकरा पकड़ि लेलनि। प्रारंभिक पूछताछ आ तलाशी लेलाक क्रम मे फेंकल गेल थैला सं ओनेरेक्स कफ सिरपक 24 बोतल बरामद भेल। प्रत्येक बोतल 100 मिलीलीटरक अछि आ सभ मिला कए कफ सिरपक मात्रा 2.4 लीटर अछि। गिरफ्तार अभियुक्तक पहचान आकाश कुमार (उम्र करीब 20 बरख), पिताझ्रस्वर्गीय राजकुमार गुप्ता, ग्राम एवं डाकघर-पिपरौन, थाना-हरलाखी, जिला-मधुबनी, बिहारक रूप मे भेल अछि। गिरफ्तार व्यक्ति भारतीय नागरिक अछि। प्रारंभिक पूछताछक अनुसार, आकाश कुमार उक्त ओनेरेक्स कफ सिरप राहुल महतो, पिता-स्वर्गीय दिलीप महतो, निवासी ग्राम एवं डाकघर-बसोपट्टी, जिला-मधुबनी सं प्राप्त कए छठू राम, पिताझ्रयोग चंद राम, निवासी ग्राम एवं डाकघरझ्रपिपरौन, जिलाझ्रमधुबनी कें पहुंचाबय अथवा बेचबाक लेल लए जा रहल छल।

बरामद सामग्री मे ओनेरेक्स कफ सिरपक 24 बोतल शामिल अछि। प्रत्येक बोतल 100 मिलीलीटरक हिसाब सं कुल मात्रा 2.4 लीटर अछि। बरामद कफ सिरप आ गिरफ्तार अभियुक्तक आवश्यक जब्ती सूची आ गिरफ्तारी सूची तैयार कए आगांक कानूनी कारबाइ लेल हरलाखी थाना, जिला मधुबनी कें सुपुर्द करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। एहि अवसर पर 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक कमांडेंट राजेंद्र कुमार कहलनि, सीमा क्षेत्र मे नशीला आ प्रतिबंधित दवाक अवैध तस्करी रोकब एसएसबीक प्राथमिकता मे शामिल अछि। प्राप्त आसूचनाक आधार पर कएल गेल ई कारबाइ जवान सभक सजगता आ तत्परताक परिचायक अछि। नशाक अवैध कारोबार मे संलिप्त तत्वक विरुद्ध आगू सेहो प्रभावी कारबाइ जारी रहत।

# मिथिलाक लंबित रेल परियोजना पर रेलवे गंभीरता सं पहल करय : श्याम कुमार सिंह

**दरभंगा, समदिया**

दरभंगा सहित मिथिलाक लंबित आ प्रस्तावित चिरप्रतीक्षित रेल परियोजनाप्रति रेलवे द्वारा बरतल जा रहल उदासीनतापर रेलवे विकास संघर्ष मोर्चाक संयोजक श्याम कुमार सिंह चिंता व्यक्त कएलनि। श्री सिंह कहलनि जे पूर्व सं स्वीकृत दरभंगा-मुजफ्फरपुर नव रेल लाइन निर्माणक दिशा मे ठोस पहल नहि भए रहल अछि, जखन कि सकरी-हसनपुर रेल परियोजनाक काज सेहो एखन धरि पूरा नहि भए सकल अछि। ओ कहलनि जे समस्तीपुर दरभंगा सीतामढ़ी रेल लाइनक दोहरीकरण लेल बरख 2010 मे सर्वेक्षणक आदेश देल गेल छल। तकर बाद समस्तीपुर-दरभंगा रेलखंडक दोहरीकरणक काज शुरू भेल, जे आब पूरा भए चुकल अछि। एहि लेल ओ रेलवे कें धन्यवाद दैत एकरा रेलवे विकास संघर्ष मोर्चाक दीर्घ संघर्षक उपलब्धि बतौलनि।

मोर्चाक मांग अछि जे स्वीकृत दोसर चरण मे दरभंगा-सीतामढ़ीक बीच रेल लाइन दोहरीकरणक काजक समय-सीमा निर्धारित कए युद्धस्तरपर शुरू कराओल जाय। दरभंगा सं शीशो धरि शुरू भेल दोहरीकरणक काज सेहो शीघ्र पूरा करबाक मांग कएल गेल।

श्याम कुमार सिंह कहलनि जे दरभंगा सांसद गोपालजी ठाकुर द्वारा पूर्व मध्य रेलक महाप्रबंधकक संग रेल विकास कें लए कए कएल गेल समीक्षा सराहनीय अछि। रेल मंत्रालय आ पूर्व मध्य रेलक महाप्रबंधक सं मिथिलाक रेल परियोजनापर गंभीरता सं ठोस कदम उठेबाक अपेक्षा अछि। मात्र घोषणा आ शिलान्यास सं काज नहि चलत, परियोजनाक धरातलपर क्रियान्वयन जरूरी अछि। मोर्चाक कहल अछि जे ओ विगत ढाई-तीन दशक सं मिथिलाक रेल समस्या कें लए कए संघर्षरत अछि। एहि दौरान कतेको उपलब्धि हासिल भेल अछि, जाहि मे मीटरगेज रेल लाइन सभ कें ब्रॉडगेज मे परिवर्तित कराबय लेल कएल गेल संघर्ष सेहो शामिल अछि। श्याम कुमार सिंह कहलनि जे रेलवे विकास संघर्ष मोर्चा मिथिलाक रेल विकास लेल आगू सेहो समर्पित आ संकल्पित रहत।

# एलिवेटेड कॉरिडोर निर्माण काजक डीएम कएलनि निरीक्षण

**दरभंगा।** जिलाधिकारी कौशल कुमार रवि दिन शहर मे चलि रहल एलिवेटेड कॉरिडोर निर्माण काजक स्थल निरीक्षण कएलनि। ओ होली क्रॉस स्कूल आ म्यूजियम गुमटीक लग चलि रहल निर्माण काजक जायजा लेलनि आ संबंधित अधिकारी तथा निर्माण एजेंसीक अभियंता सं काजक प्रगतिक जानकारी लेलनि। निरीक्षणक दौरान जिलाधिकारी निर्माणक वर्तमान स्थिति, काजक गति, स्थलपर उपलब्ध संसाधन तथा निर्माणक दौरान यातायात व्यवस्थाक संबंध मे अभियंता आ संवेदक सं विस्तृत जानकारी प्राप्त कएलनि। ओ निर्माण काज मे आबि रहल कोनो प्रकारक समस्याक संबंध मे सेहो जानकारी लेलनि। डीएम संबंधित अभियंता आ निर्माण एजेंसीक प्रतिनिधि कें निर्देश देलनि जे एलिवेटेड कॉरिडोरक निर्माण काज निर्धारित मानकक अनुरूप तेज गति सं पूरा कराओल जाय। ओ कहलनि जे निर्माणक दौरान आम लोक कें आवागमन मे कम-सं-कम परेशानी हो, एहि लेल यातायात व्यवस्थापर विशेष ध्यान देल जाय।

# एनएच-27 पर अपराधी सभ युवक कें मारलक गोली, डीएमसीएच मे भरती



**झंझारपुर, समदिया**

भैरवस्थान थाना क्षेत्र मे अपराधी सभक मनोबल लगातार बढ़ैत जा रहल अछि। एनएच-27 सन व्यस्त आ संवेदनशील राजमार्ग पर शनिक राति करीब साढ़े 11 बजे बाइक सवार तीन अपराधी गोलीबारी कए एक युवक कें गोली मारि देलक। घटना बाद इलाका मे दहशतक वातावरण अछि। जानकारीक अनुसार, लखनौर थाना क्षेत्रक बेरमा गाम निवासी जितेंद्र ठाकुरक 19 वर्षीय पुत्र अविनाश कुमार अपन चाचा संग बाइक सं पटना सं अपन गाम बेरमा लौटि रहल छलाह। जखन हुनकर बाइक भैरवस्थान थाना क्षेत्रक लोहना गाम लग एनएच-27 पर पहुंचल, तखन पाछां सं एक बाइक पर सवार तीन अपराधी ओवरटेक कए गोली चलाबय लगलाह। अपराधी सभ द्वारा चलाओल गेल गोली अविनाश कुमारक जांघक ऊपरी हिस्सा मे लागल, जाहि सं ओ बाइक सं खसि पड़लाह आ गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। घटना कें अंजाम देलाक बाद अपराधी सभ अन्हारक लाभ उठा कए फरार भए गेल। घटनाक बाद चाचा शोर मचौलनि आ परिजन तथा स्थानीय लोक कें सूचना देलनि। परिजन तुरंत घटनास्थल पर पहुंचलाह। भैरवस्थान पुलिस कें सूचना देलाक संगहि घायल अविनाश कें आनन-फानन मे दरभंगा मेडिकल कॉलेज अस्पताल (डीएमसीएच) लए गेलाह, जतय हुनकर इलाज चलि रहल अछि। एहि संबंध मे भैरवस्थान थानाध्यक्ष सत्येंद्र तिवारी कहलनि जे घटना संबंधी सूचना भेटिते पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल छल। प्रारंभिक जांच मे पता चलल अछि जे एके बाइक पर तीन लोक सवार छलाह आ सभ नशाक अवस्था मे छलाह। घायल युवकक अनुसार अपराधी सभ दू राउंड गोली चलौलक। एहि सं पिस्टल सं गोली चलाओल गेल होयबाक आशंका व्यक्त कएल जा रहल अछि। थानाध्यक्ष कहलनि जे घायल युवकक फर्द बयान दरभंगा सं लौटलाक बाद दर्ज कएल जाएत। फर्द बयानक बादे घटनाक वास्तविक कारणक खुलासा भए सकत।

# जन्माष्टमी कार्यक्रम मे चक्कूबाजी मे युवकक मृत्यु, दोसर घायल

## कुमरपट्टी मे दू पक्षक बीच झड़पक बाद भेल घटना, आठ गोटे पुलिस हिरासत मे

**सिंहवाड़ा, समदिया**

सिमरी थाना क्षेत्रक भराठी पंचायतक कुमरपट्टी गाम स्थित वार्ड संख्या 12 मे रवि दिन देर राति कृष्ण जन्माष्टमी कार्यक्रमक दौरान चक्कूबाजी मे एक युवकक मृत्यु भए गेल, जखन कि दोसर युवक घायल भए गेल। मृतकक पहचान कुमरपट्टी निवासी रामाशीष रामक 19 वर्षीय पुत्र कमलेश रामक रूप मे भेल अछि। ओतहि घायल सुमन कुमार (18) सिंहवाड़ा थाना क्षेत्रक ठकनिक निवासी रामकिशोर रामक पुत्र छथि। सुमन अपन फुफा महेश रामक घर कुमरपट्टी आएल छलाह। परिजनक अनुसार, जन्माष्टमीक अवसरपर गाम मे सांस्कृतिक कार्यक्रम चलि रहल छल। एहि बीच राति करीब एक बजे एनएच-27 पर कंसी आ सिमरीक किछु युवकक बीच विवादक बाद झड़प भए गेल। आरोप अछि जे तकर बाद कंसीक किछु युवक करीब 15-20 गोट अन्य युवक कें फोन कए बजौलनि। सभ कुमरपट्टी स्थित कार्यक्रम स्थलपर पहुंचि झगड़ा मे शामिल युवक सभक तलाश करय लगलाह आ हंगामा करय लगलाह। ग्रामीण सभ बुझा-बुझाबी कए मामिला शांत करबाक प्रयास कए रहल छलाह, तखने चक्कू सं हमला कए कमलेश राम



आ सुमन कुमार कें घायल कए देल गेल। चक्कूक गंभीर वार सं कमलेशक स्थिति नाजुक भए गेल। पेट मे गंभीर चोट लागलाक कारण आंतरिक अंग बाहर निकलि गेल। ग्रामीण सभ गमछा सं पेट बांधि ओकरा इलाज लेल डीएमसीएच पहुंचेओलनि, जतय इलाजक दौरान ओकर मृत्यु भए गेल। ओतहि सुमन कुमारक इलाज सिंहवाड़ा सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र मे चलि रहल अछि। ओकर स्थिति खतरा सं बाहर बताओल जा रहल अछि।

परिजनक अनुसार, घटनाक बाद ग्रामीण सभ कंसी गामक गनौर सहनी, लड्डू गोपाल, मुरारी सहनी आ राकेश सहनी कें पकड़ि पुलिसक हवाले कए देलनि। सिमरी थानाध्यक्ष अरविंद कुमार कहलनि जे मामिला मे आठ गोटे कें पुलिस हिरासत मे लए कए पूछताछ कएल जा रहल अछि। एखन धरि परिजनक दिस सं आवेदन प्राप्त नहि भेल अछि। आवेदन भेटलाक बाद आगांक कारबाइ कएल जायत। घटनाक बाद जन्माष्टमी कार्यक्रम स्थलपर अफरातफरी मचि गेल। धार्मिक आयोजनक दौरान खुलेआम चक्कूबाजीक घटना सं ग्रामीण सभ मे दहशतक माहौल अछि। कमलेश पांच बहिन आ चारि भाइ मे आठम संतान छलाह। हुनकर विवाह नहि भेल छल। घटनाक जानकारी भेटलाक बाद पूर्व मुखिया चंद्र किशोर सिंह, मुखिया प्रतिनिधि रामबाबू साह, दीपक कुमार, मुनमुन सिंह, जटाशंकर सिंह सहित पैघ संख्या मे ग्रामीण घटनास्थलपर पहुंचलाह आ मृतकक परिजन कें ढाढ़स बन्हाओलनि।

# कागज पर सरकारक स्वास्थ्य व्यवस्था, जमीन पर गरीबक मृत्यु सं सौदा

झंझारपुर, समदिया

सरकार भले गरीबक स्वास्थ्य व्यवस्था कें लए कए एक सं बढ़ि कए एकटा कानून आ सुविधाक दावा करैत हो, मुदा जमीनी हकीकत ई अछि जे एहि व्यवस्था सं गरीब, फटेहाल, मजदूर आ किसानक स्वास्थ्य समस्याक समाधान नहि भए रहल अछि। पीएचसी, रेफरल अस्पताल हो अथवा अनुमंडलीय आ जिला अस्पताल, सभ ठाम करोड़ो रुपैयाक लागत सं भवन बनाओल गेल अछि आ महंग उपकरण लगा कए अस्पताल चलाओल जा रहल अछि। मुदा सभ सं जरूरी व्यवस्था अर्थात प्रसूताक प्रसव लेल शल्यक्रियाक पुख्ता व्यवस्था नहि अछि। डॉक्टर नहि, बेहोशी देबाक विशेषज्ञ नहि। परिणामस्वरूप आखरी समय मे परिजन मजबूर भए निजी नर्सिंग होम दिस रुख करैत छथि। गरीबक एहि मजबूरीक

**अस्पताल मे करोड़ोक भवन, मुदा प्रसव लेल ऑपरेशन व्यवस्था नहि...**



लाभ निजी नर्सिंग होम संचालक उठा रहल छथि। एतय अप्रशिक्षित चिकित्सक आ झोलाछाप डॉक्टर द्वारा बेहोश कए शल्यक्रिया करबाक काज बेरोकटोक चलि रहल अछि। एखन धरि अनुमंडल मुख्यालयक शहरी क्षेत्र सं लए कए ग्रामीण इलाका धरि 30 सं 35 एहन निजी नर्सिंग होम खुलि गेल अछि। अपवाद छोड़ि देल जाए तं ककरो लग पंजीकरणक अतिरिक्त ऑपरेशन थिएटर (ओटी)

» निजी नर्सिंग होम मे गरीबक ऑपरेशन अप्रशिक्षित लोक करैत अछि

» 35 निजी नर्सिंग होम मे मात्र तीन कें कहल गेल वैध

आ अस्पतालक निर्धारित मानक पूरा नहि अछि। अकेले झंझारपुरक कन्हौली, राम चौक सं लए कए थाना चौक, लंगड़ा चौक, कोर्ट चौक, शांतिनाथमहादेव स्थान चौक आ स्टेशन क्षेत्र मे एक दर्जन सं बेसी नर्सिंग होम खुलल अछि। आरोप अछि जे एतय इलाजक नाम पर मरीजक जान सं खिलवाड़ भए रहल अछि। बीते दिन प्रखंड बीस सूत्री समिति केर बैसार मे स्वयं ई बात सामने आएल जे झंझारपुर मे मात्र तीन अस्पताल वैध अछि आ बांकी सभ निजी नर्सिंग होम अवैध अछि। एहि पर स्वास्थ्य विभागक जवाबदेह अधिकारी सभ कहलनि जे जांच कएआगांक कारबाइ कएल जाएत। मुदा ई आश्वासन सेहो फाइल धरिये सिमटि कए रहि गेल। झंझारपुर मे जांच अधिकारी तखन पहुंचैत छथि, जखन कोनो नर्सिंग होम मे प्रसूताक मृत्यु भए जाइत अछि आ तकर बाद सड़क जाम, पथराव, तोड़फोड़ आ पुलिस पर हमला जकां स्थिति उत्पन्न भए जाइत अछि। एकर ताजा उदाहरण झंझारपुरक एपेक्स अस्पताल अछि। घटना भेलाक चारिम दिन पीएचसी प्रभारी डॉ. मुकेश कुमारक नेतृत्व मे टीम जांच लेल पहुंचल आ संचालक कें सोमदिन दिनक एक बजे धरि कागजात देखेबाक समय देल गेल। कागजात नहि देखाओल गेल तं वरीय अधिकारी कें सूचना पठेबाक बात कहल गेल। घटना सं एहि चारि दिनक बीच झंझारपुरक एसडीएम, एसडीपीओ आ कतेको थानाक पुलिस, विशेष रूप सं झंझारपुर थाना पुलिस, 24 घंटा धरि विधि-व्यवस्था कायम रखबाक लेल एनएच-27 पर तैनात रहल। ओतहि स्वास्थ्य विभागक अधिकारी जांच लेल उचित समयक प्रतीक्षा करैत रहलाह। जानकारीक अनुसार, बीस सूत्री प्रखंड अध्यक्ष कुमार राजा कहलनि जे एखन धरि कोनो नर्सिंग होमक जांच नहि भेल अछि। एहि विभाग कें लए कए बीस सूत्रीक अलग सं विशेष बैसार आयोजित कएल जाएत। स्थानीय लोकक कहब अछि जे स्वास्थ्य विभाग कें पूरा जानकारी अछि जे संपूर्ण अनुमंडल मुख्यालय सं लए कए ग्रामीण इलाका धरि कतय-कतय एहन नर्सिंग होम चलि रहल अछि आ कतेक वैध तथा अवैध अछि। विभागक लग एहि संबंधी सभ रिपोर्ट उपलब्ध अछि। मुदा कारबाइक नाम पर आश्वासन देब आ समय टारब स्वास्थ्य विभागक सभ सं पैघ हथियार बनि गेल अछि।

## बहेड़ा थाना पुलिसक छापामारी मे 12 लीटर विदेशी शराब बरामद, एक कारोबारी गिरफ्तार

बेनीपुर, समदिया

बहेड़ा थाना पुलिस अवैध शराबक कारोबारक विरुद्ध अभियान चलबैत थाना क्षेत्रक दूटा अलग-अलग स्थान पर छापामारी कए 12 लीटर विदेशी शराब बरामद कएलक। एहि दौरान एकटा कथित शराब कारोबारी कें गिरफ्तार कएल गेल, संगहि शराबक परिवहन मे प्रयुक्त मोटरसाइकिल सेहो जब्त कएल गेल। एहि संबंध मे थानाध्यक्ष पंकज कुमार कहलनि जे गुप्त सूचनाक आधार पर पुलिस दल थाना क्षेत्रक रमौली गाम मे छापामारी कएलक। ओतय सं 6 लीटर विदेशी शराब बरामद भेल। पुलिसक अनुसार, घटनास्थल पर मौजूद कथित कारोबारी नितिश झा कें गिरफ्तार कएल गेल आ शराब आनय-लए जयबा मे प्रयुक्त मोटरसाइकिल कें सेहो जब्त कए लेल गेल। एकर बाद पुलिस दल मकरमपुर गामक एकटा खेत सं माटिक नीचां नुकाए कए राखल 6 लीटर विदेशी शराब बरामद कएलक। थानाध्यक्ष बतेलनि जे दुनू कारबाइ मे कुल 12 लीटर विदेशी शराब बरामद भेल अछि। एहि संबंध मे प्राथमिकी दर्ज कए आगूक कानूनी कारबाइ कएल जा रहल अछि।

# वरिष्ठ साहित्यकार डॉ. रेवती रमण लालक निधन, साहित्यकार समाज मे शोक

जनकपुरधाम, समदिया

नेपालक वरिष्ठ मैथिली साहित्यकार डा. रेवती रमण लालक शनिक राति जनकपुरधाम मे निधन भए गेल। हुनकर निधनक खबरि सं मैथिली साहित्य जगत मे शोकक लहरि पसरि गेल अछि। डा. लालक जन्म 2 मार्च 1943 कें धनुषा जिलाक पूर्व देवडीहा पंचायतक वार्ड-3 स्थित खिरखिरिया गाम मे भेल छल। ओ मैथिली विषय मे पीएचडी केने छलाह आ राष्ट्र बैंकक सेवानिवृत्त कर्मचारी छलाह। डा. लाल कथा, कविता, गीत, लेख, पटकथा, साक्षात्कार, यात्रा-वृत्तांत आ लोकसाहित्य सहित साहित्यक विभिन्न विधा मे लेखन केने छलाह। हुनकर पहिल प्रकाशित मैथिली कृति सरस्वती वंदना (गीत) छल। हुनकर प्रमुख मैथिली



कृति मे साक्षरता (लेखक सभक संग साक्षात्कार), माधव नाही ऐला मधुपुरसा (कथा-संग्रह), हमारविदेश भ्रमण (यात्रा-वृत्तांत), महाकवि विद्यापति (पटकथा) आ खिस्सा पिहानी (लोकगीत) शामिल अछि। धनुषाधाम आ मणिमंडप हुनकर पर्यटन संबंधी कृति अछि। ओ मैथिली त्रैमासिक नैमिकाननक संपादक सेहो छलाह। हुनकर कतेको रचना विद्यालय आ महाविद्यालयक पाठ्यक्रम मे शामिल अछि। साहित्यिक क्षेत्र मे सक्रिय डा. लाल विविध संस्था सं जुड़ल छलाह। ओ विविध मैथिली मंचक संस्थापक सचिव, मैथिली साहित्य परिषदक सदस्य आ मैथिली साहित्यकार सभाक सलाहकार छलाह। हुनका वैदेही टैलेंट अवॉर्ड, त्रिमूर्ति अवॉर्ड, मिथिला रत्न, ज्योतिरिश्वर साहित्य सम्मान आ नेपाल सरकारक रीजनल टैलेंट अवॉर्ड सं सम्मानित कएल गेल छल। किछु दिन पहिने वरिष्ठ साहित्यकार डा. राजेंद्र विमलक निधन सेहो भेल छल। लगातार वरिष्ठ साहित्यकारक निधनसं मैथिली साहित्य जगत मे गहिर शोक व्याप्त अछि। प्राज्ञ राम भरोस कापड़ि भ्रमर, मैथिली विकास कोषक अध्यक्ष जीवनाथ चौधरी, प्राज्ञ रमेश रंजन झा, साहित्यकार प्रेम विदेह ललन, जनकपुरधामक मेयर मनोज कुमार साह, साहित्यकार आ नाट्यकार अशोक दत्त, प्रेस स्वतंत्रता सेनानी आ साहित्यकार राम भरतसाह, मिथिला नाट्य कला परिषदक अध्यक्ष सुनील मल्लिक तथा जनकपुरधाम उपमहानगरपालिकाक वार्ड- 23क अध्यक्ष आ नेपाल हिंदी प्रतिष्ठानक अध्यक्ष राघवेंद्र साह सहित कतेको व्यक्तित्व हुनकर निधन पर शोक व्यक्त केने छथि। सभ गोटे दिवंगत आत्माक शांतिक लेल ईश्वर सं प्रार्थना केने छथि।

# विद्यालय परिसर मे शिक्षक दिवस आ श्रीकृष्ण जन्माष्टमी समारोह संपन्न

फारबिसगंज, समदिया

न्यू दिल्ली पब्लिक स्कूल मे शिक्षक दिवस आ श्रीकृष्ण जन्माष्टमीक पावन अवसर पर भव्य संयुक्त कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक माध्यम सं देशक पूर्व उपराष्ट्रपति डॉ. सर्वपल्ली राधाकृष्णन कें श्रद्धांजलि अर्पित करैत शिक्षकक प्रति सम्मान व्यक्त कएल गेल। एहि अवसर पर नन्हका बच्चा सभ लेल कृष्णराधा मुकुट प्रतियोगिताक आयोजन सेहो भेल। कार्यक्रमक शुभारंभ दीप प्रज्वलनक संग विद्यालयक संस्थापक स्व. नरेश भगत आ डॉ. सर्वपल्ली राधाकृष्णनक चित्र पर पुष्पांजलि अर्पित कए कएल गेल। छात्र-छात्रा सभ सरस्वती वंदना प्रस्तुत करैत शिक्षकक प्रति सम्मान आ आभार व्यक्त कएलनि। एहि क्रम मे नृत्य, नाटक आ कविता प्रस्तुत कएल गेल। वरिष्ठ कक्षाक छात्र सभ शिक्षकक भूमिका निभबैत एक दिनक लेल विद्यालयक प्रशासनिक आ शैक्षणिक व्यवस्था सेहो सम्हारलनि। भगवान




श्रीकृष्णक बालरूप आ राधाक मनमोहक छवि कें दर्शबैत बच्चा सभ रंग-बिरंगा मोती, मोरपंख आ शीश सं सजाओल मुकुट पहिरि रैंप वॉक कएलनि। एहि प्रस्तुति पर पूरा सभागार तालियक गड़गड़ाहट सं गूंजि उठल। तकर बाद मटका फोड़ आ सांस्कृतिक रासलीलाक मंचन कएल गेल। कार्यक्रमक संचालन खुबी मेहता आ दीक्षा कुमारी कएलनि, जखन कि सजावट मे सिद्दी कुमारी आ सुमन यादवक महत्वपूर्ण योगदान रहल। निर्देशक आकाश भगत आ विद्यालयक प्राचार्य मो. अफसार आलम बच्चा सभक प्रस्तुति सं प्रसन्न भए हुनका सत्य आ कर्तव्यनिष्ठ बनबाक प्रेरणा देलनि। प्रशासनिक पदाधिकारी ऋतुराज करण शिक्षक सभ कें धन्यवाद देलनि। एहि अवसर पर कतेको शिक्षक कें टीचर ऑफ द वीक पुरस्कार संसम्मानित कएल गेल।

# मधेपुरक मध्य विद्यालय मे बरसात मे 2 फीट धरि जलजमाव

मधुबनी, समदिया

**500 सं बेसी बच्चाक भविष्य संकट मे, प्रधानाध्यापकक आवेदनक बादो नहि भेल कारबाइ**

मधेपुर स्थित सूरी समाज मध्य विद्यालयक दुर्दशा डबल इंजन सरकारक व्यवस्था पर सवाल ठाढ़ करैत अछि। विद्यालयक प्रधानाध्यापक ज्ञापांक-23, दिनांक 26.11.2025 केर माध्यम सं प्रखंड विकास पदाधिकारी कें लिखित आवेदन दए विद्यालय परिसर मे माटि भराबय आ खेल मैदानक सौंदर्यीकरण करबाक मांग केने छलाह। आवेदन देलाक 10 मास सं बेसी समय बीति गेलाक बादो एखन धरि कोनोकारबाइ नहि भेल अछि। एहि गंभीर लापरवाही पर बिहार प्रांतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर यूनियन,मधुबनीक जिलाध्यक्ष कॉमरेड राम नारायण यादव तीख प्रतिक्रिया व्यक्त केने छथि। हुनका अनुसार, मधेपुरक सूरी समाज मध्य विद्यालय मे 500 सं बेसी बच्चा पढ़ैत छथि। विद्यालय



परिसर मे कतेको साल सं बरसातक समय करीब 2 फीट धरि पानि जमा रहैत अछि। प्रधानाध्यापक करीब 10 मास पहिने बीडीओ कें आवेदन दए माटि भराबयक मांग केने छलाह, मुदा डबल इंजन सरकारक कार्यकाल मे एतेक मास बीति गेलाक बादो विद्यालय परिसर मे एक चुटकी माटि धरि नहि खसल अछि। राम नारायण यादव कहलनि, ई सरकार गरीबक बच्चाक भविष्यक संग खिलवाड़ कए रहल अछि। पत्रक हवाला दैत ओ कहलनि जे जलजमावक कारण विद्यालयक सभ गतिविधि प्रभावित अछि। बच्चा खेल-कूद नहि कएपबैत छथि, शारीरिक शिक्षाक गतिविधि ठप अछि आ गंदा पानिक कारण डेंगू-मलेरिया सहित विभिन्नसंक्रमणक खतरा बनल अछि। कोनो समय अप्रिय घटना घटि सकैत अछि। ओ सवाल उठौलनि जे जखनप्रधानाध्यापक लिखित रूप मे प्रखंड विकास पदाधिकारी आ शिक्षा विभाग कें सूचना देने छलाह, तं 10 मास धरि फाइल दबा कए किएक राखल गेल? डबल इंजन सरकार पैघ-पैघ दावाक संग अपन उपलब्धिगिनबैत अछि, मुदा 500 सं बेसी गरीब बच्चाक विद्यालय मे माटि भराबय धरि नहि भए पाबि रहल अछि। ई राशि कतय जा रहल अछि? की गरीबक बच्चा एहि लेल मृत्यु सं जूझबाक लेल मजबूर छथि जे ओ निजी विद्यालय मे नहि पढ़ैत छथि? राम नारायण यादव जिला प्रशासन, मधुबनी सं मांग केने छथिजे एहि मामिलाक तत्काल संज्ञान लए विद्यालय परिसर सं जलनिकासी आ माटि भरबाक काज तुरंत शुरू कराओल जाए। अन्यथा खेत एवं ग्रामीण मजदूर यूनियन विद्यालयक बच्चा आ अभिभावकक संगआंदोलन करबाक लेल बाध्य होयत।

# 46म कांवर यात्रा लेल बेलाराही सं 40 बोलबमक जत्था देवघर विदा

झंझारपुर, समदिया

भादव मासक पावन अवसर पर 46म कांवर यात्रा लेल बेलाराही सं देवघर बाबानगरीक लेल रविदिन 40 बोल-बमक जत्था रवाना भेल। बोल-बमक जयघोष आ शंख-घड़ियालक गूंजक बीच पूरा गाम भक्तिमय वातावरण मे डूबि गेल। जत्थाक प्रमुख बम प्रेम कुमार कहलनि जे हुनकर देखरेख मे ई जत्था देवघर लेल रवाना भेल अछि। रवाना होयबाक पहिने सभ कांवरिया गामक शिव मंदिर मे विधिवत पूजा-अर्चना कए बाबा भोलेनाथ सं सुख-समृद्धिक कामना कएलनि। जत्था मे प्रमुख बमक रूप मे प्रेम कुमार, सुमंत, अनिल राय, शिव लखन, नारायण ठाकुर,



संतोष, प्राणेश सहित कतेको पुरुष आ महिला कांवरिया शामिल छथि। सभ कांवरिया भगवा वस्त्र धारण कए कन्हा पर कांवर लेने बाबाधाम दिस रवाना भेल छथि। ग्रामीण सभ सभ बोल-बम कें फूल-माला पहिरा कए आ पुष्पवर्षा कए विदाई देलनि। एहि दौरान बोल-बम आ हर-हर महादेवक जयघोष सं पूरा इलाका गूंजि उठल। बताओल गेल जे जत्थाक सभ कांवरिया सुल्तानगंज मेउत्तरवाहिनी गंगाक पानि भरि करीब 105 किलोमीटरक पैदल यात्रा कए देवघर स्थित बाबा बैद्यनाथ धाम पहुंचताह आ ओतय बाबा बैद्यनाथ पर जलाभिषेक करताह।

## कमला नदीक पानि सं किसान कें भेटत लाभ, शीघ्र बनत फाटक : एसडीएम

मधुबनी, समदिया

बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक परसौनी सं मुसहरी टोल जायवला मुख्य सड़कक बीच गईघटी स्थानक लग कमलानदी पर दशक सं बेसी समय पहिने बनल फाटक कें संवेदक द्वारा तोड़ि कए पुल बना देल गेल। एहिकारण दू दर्जन सं बेसी गामक किसानक सिंचाइक समस्या बढ़ि गेल अछि। एहि समस्याक निरीक्षण लेल एसडीएम शारंग पाणि पांडेय, बीडीओ बसंत कुमार सिंह सहित कतेको वरीय अधिकारी कमला नदी पर पहुंचलाह। अधिकारी सभ फाटक हटा कए पुल बनाओल गेल स्थानक निरीक्षण कएलनि आ तत्काल विभागीय पदाधिकारी कें फाटक बनाबय लेल आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। एसडीएम किसान सभ कें भरोसा देलनि जे एहि समस्याक समाधान शीघ्र सं शीघ्र कए देल जाएत, जाहि सं किसान कें कमला नदीक पानिक लाभ पुनः भेटि सकय। भेटल जानकारीक अनुसार, परसौनी उत्तरी एवं दक्षिणी, तिसी नरसाम उत्तर एवं दक्षिण, रथौस, नाहस उत्तर एवं दक्षिण, बिस्फी, भैरवा सहित कतेको पंचायतक दू दर्जन संबेसी गामक किसान एहि कमला नदीक पानि सं खेती करैत छलाह। कमला नदीक पानि सं किसान धान,मक्का, तेलहन, दलहन, मौसमी सब्जी आ औषधीय फसलक खेती करैत छलाह। एकर अतिरिक्त मवेशी सभ लेल सेहो एहि पानिक उपयोग कएल जाइत छल। मुदा करीब दू बरख पहिने संवेदक द्वारा आनन-फानन मे फाटक तोड़ि कए ओतय पुल बना देल गेल। फाटक नहि रहबाक कारण नदीक पानि सीधा घोसनदी मे खसि जाइत अछि। एहि कारण किसान कें कमला नदीक पानि सं सिंचाइक कोनो लाभ नहि भेटि रहल अछि। निरीक्षणक बाद प्रशासनिक अधिकारी सभ द्वारा शीघ्र फाटक बनाबयक आश्वासन देल गेल अछि। किसान सभ कें आशा अछि जे फाटक बनि गेलाक बाद कमला नदीक पानि सं फेर खेती-किसानीक लाभ भेटि सकत।

# दरभंगाक शैक्षणिक आ बौद्धिक विरासत कें जीवंत करबाक पहल भए रहल अछि : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

दरभंगा, समदिया

दरभंगा सहित मिथिलाक ज्ञान परंपरा कें वैश्विक स्तर पर स्थापित करबाक संगहि क्षेत्रक शैक्षणिक आधारभूत संरचना कें मजबूत करबाक लेल केंद्र आ राज्यक एनडीए सरकार प्रतिबद्ध अछि। बिहार मेउच्च शिक्षा मे गुणात्मक सुधार आ एकरा रोजगारपरक बनेबाक लेल मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक नेतृत्व मे पहल शुरू कएल गेल अछि। जिलाक प्रत्येक प्रखंडक डिग्री कॉलेज मे नीक आधारभूत संरचना आ योग्य शिक्षकक माध्यम सं सुचारु वर्ग संचालन लेल विभागीय स्तर पर अधिकारी सभ कें निर्देश देल गेलअछि। स्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर पटना मे बिहार सरकारक उच्च शिक्षा सचिव राजीव रौशन सं भेंट कए एहि विषय सभ पर विस्तार सं चर्चा कएलनि। सांसद कहलनि जे दरभंगा मे स्थित डॉ. एपीजे अब्दुल कलाम महिला प्रौद्योगिकी संस्थान, डॉ. कामेश्वर सिंह संस्कृत विश्वविद्यालय आ ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय कें केंद्रीय विश्वविद्यालयक रूप मे मान्यता देबाक लेल बिहार सरकारक स्तर सं प्रस्ताव पठेबाक आवश्यकता अछि। ओ कहलनि जेप्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नव शिक्षा नीति-2020 केर भावना अनुरूप शिक्षाक सर्वसुलभता कें मिशन मोड मे साकार करबाक आवश्यकता अछि। एलएनएमयू



मे बंद पड़ल दूरस्थ शिक्षा केंद्र कें पुनः चालू करबाक मुद्दा पर सेहो ओ शिक्षा सचिवक ध्यान आकृष्ट करौलनि। हुनकर कहब छल जे एकर पुनः संचालन संकामकाजी महिला आ सुदूर ग्रामीण क्षेत्रक कमजोर वर्गक लोक कें उच्च शिक्षा प्राप्त करब सहज होयत। सांसद दरभंगा संसदीय क्षेत्रक विभिन्न कॉलेज मे बीएड केर पढ़ाइ शुरू करबाक सहित उच्च शिक्षा सं जुड़ल करीब आधा दर्जन विषय पर सचिव सं चर्चा कएलनि। ओ कहलनि जे रोजगारपरक शिक्षा माध्यमसं छात्र-छात्रा आ युवा सभ कें आत्मनिर्भर बनेबाक लेल शैक्षणिक गतिविधि कें व्यापक स्तर पर बढ़ेबाकआवश्यकता अछि। सांसद डॉ. ठाकुर उच्च शिक्षा आ विधि मंत्री संजय सिंह टाइगर सं सेहो हुनकरमंत्रालय कक्ष मे भेंट कएलनि। ओ कहलनि जे केंद्रीय विश्वविद्यालय, बिरौल डिग्री कॉलेज आ बेनीपुर डिग्री कॉलेज मे बीएड केर पढ़ाइ शुरू करबाक लेल पूर्व मे मुख्यमंत्री आ राज्यपाल कें पत्रक माध्यम सं आग्रह कएल जा चुकल अछि। सांसद शिक्षा सचिव सं दरभंगाक शैक्षणिक व्यवस्था कें मजबूत करबाक लेल सभ मुद्दा पर शीघ्र पहल करबाक आग्रह कएलनि।

## फुलपरास थाना हत्याकांडक उद्भेदन, घटना मे संलिप्त मुख्य अभियुक्त गिरफ्तार

मधुबनी, समदिया




पुलिसक अनुसार, 4 जुलाईक राति फुलपरास थाना क्षेत्र अंतर्गत फेरीक काज करय बला युवक जियाउल हक (उम्र 25 बरख, निवासी हिजुली, थाना-बेलडांगा, जिला-मुर्शिदाबाद, पश्चिम बंगाल) केर अज्ञात परिस्थिति मे हत्या कए देल गेल छल। हुनकर शव कन्या मध्य विद्यालय, बरहीक लग सड़कक कात सं बरामद भेल छल। एहि मामिला मे मृतकक भाय जावर अली द्वारा देल गेल आवेदनक आधार पर फुलपरास थाना कांड संख्या 298/26 मे मामिला दर्ज कए अनुसंधान शुरू कएल गेल। घटनाक संवेदनशीलता कें देखैत वरीय पुलिस अधीक्षक, मधुबनीक निर्देश पर अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी, फुलपरासक नेतृत्व मे फुलपरास थाना केर एकटा विशेष पुलिस टीम गठित कएल गेल। पुलिस टीम तकनीकी साक्ष्य आ वैज्ञानिक अनुसंधानक आधार पर नामजद अभियुक्त कैलाश सोनी कें घेराबंदी कए गिरफ्तार कए लेलक। गिरफ्तार अभियुक्त सं गहन पूछताछ करला पर ओ घटना मे अपन संलिप्तता स्वीकार केलक। अभियुक्तक निशानदेही पर पुलिस घटना मे प्रयुक्त एकटा लोहेक रॉड आएकटा छुरी विधिवत बरामद केलक। एकर अतिरिक्त जाहि कोठली मे हत्या कएल गेल छल, ओतय फर्शपर लागल खून साफ करय मे प्रयुक्त तौलिया सेहो अभियुक्तक निशानदेही पर माटिक नीचा सं खुनिकए बरामद कएल गेल। गिरफ्तार अभियुक्त कैलाश सोनी, पिता-कन्हैया लाल सोनी, निवासी सोनी मोहल्ला, पैघ मलहरा, थाना-छतरपुर, जिला छतरपुर (मध्य प्रदेश) केर बताओल जा रहल अछि।

# बिहार महोत्सव मे छायल सहरसाक उग्रतारा स्थान आ भारती मंडन धाम

## बेंगलुरु मे प्रदर्शनी आ पुस्तिकाक माध्यम सं सहरसाक ऐतिहासिक धार्मिक स्थल सभक चर्चा

सहरसा, समदिया

दक्षिण भारत मे बिहारक समेकित ब्रांडिंग आ राज्यक प्रमुख पर्यटन स्थल सं पर्यटक सभ कें परिचित करयबाक उद्देश्य सं बेंगलुरु मे आयोजित बिहार महोत्सव मे सहरसाक महिषी स्थित श्री उग्रतारा स्थान आ भारती मंडन धामक विशेष झलक देखबाक लेल भेटल। बिहार पर्यटन विभाग आ आर्ट ऑफ लिविंग इंटरनेशनल सेंटरक संयुक्त तत्वावधान मे ई महोत्सव 3 सं 6 सितंबर धरि चलल। हाईटेक सिटी आ सिलिकॉन वैली सहित विभिन्न नाम सं प्रसिद्ध बेंगलुरु मे आयोजित एहि महोत्सवक उद्घाटन आर्ट ऑफ लिविंगक संस्थापक श्री श्री रविशंकर आ बिहारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कएलनि। महोत्सव मे



बिहारक प्रमुख धार्मिक, ऐतिहासिक आ सांस्कृतिक स्थल सभ कें प्रदर्शनी आ विभिन्न प्रचार सामग्रीक माध्यम सं प्रस्तुत कएल गेल, जाहि सं देशक अन्य भागक पर्यटक कें बिहार आबय लेल आकर्षित कएल जा सकय। एहि दौरान सहरसा जिलाक महिषी स्थित श्री उग्रतारा स्थान आ भारती मंडन धाम कें विशेष रूप सं प्रदर्शित कएल गेल। दुनू स्थलाक ऐतिहासिक आ आध्यात्मिक महत्त्व कें पुस्तिका आ प्रदर्शनीक माध्यम सं लोक धरि पहुंचाओल गेल। महिषीक मंडन मिश्र धाम आठम शताब्दी मे आदि शंकराचार्य आ मंडन मिश्रक बीच भेल ऐतिहासिक शास्त्रार्थक स्मृति सं जुड़ल अछि। एहि शास्त्रार्थक मध्यस्थता मंडन मिश्रक पत्नी आ परम विदुषी भारती केने छलथि। बिहार सरकारक पर्यटन विभाग द्वारा दुनू स्थल कें अंतरराष्ट्रीय स्तरक पर्यटन केंद्रक रूप मे विकसित करबाक उद्देश्य सं निर्माण कार्य सेहो कराओल जारहल अछि। श्री उग्रतारा स्थानक विकास लेल करीब 14 करोड़ टाका आ भारती मंडन धाम लेल करीब15 करोड़ टाकाक योजना पर कार्य जारी अछि। जिला कला आ संस्कृति पदाधिकारी स्नेहा झा कहलनि जे बेंगलुरु मे आयोजित बिहार महोत्सव मे सहरसाक प्रमुख पर्यटन स्थल सभ कें विशेष रूप सं प्रदर्शित कएल जाएब जिलाक लेल गौरवक विषय अछि। ओ कहलनि जे राज्य सरकार सहरसा कें पर्यटनक दृष्टिएविकसित करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। एहि स्थल सभक विकास सं आगू सहरसा आ आसपासक संपूर्ण क्षेत्र एकटा प्रमुख पर्यटन गंतव्यक रूप मे स्थापित भए सकत।

# 216 फीटक विशाल कांवरक संग सिमरी बख्तियारपुर पहुंचल हजारो कांवरिया



सिमरीबख्तियारपुर, समदिया

30म श्रावणी मटेश्वर महोत्सवक अवसर पर बाबा मटेश्वर कें समर्पित 216 फीटक विशाल कांवर शनैचर सांझ हजारो कांवरियाक संग सिमरी बख्तियारपुर पहुंचल। उच्च विद्यालय मैदान मे पहुंचला पर बोल बम सेवा समितिक सदस्य आ स्थानीय लोक कांवरियाक भव्य स्वागत कएलनि। हर-हर महादेव आ बोल बमक जयघोष सं पूरा वातावरण शिवमय भए गेल। कांवरक आगमन पर बोल बम सेवा समितिक तत्वावधान मे उच्च विद्यालय मैदान मे सांस्कृतिक कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। विधायक संजयकुमार सिंह, पूर्व विधायक डा. अरुण यादव सहित आमंत्रित अतिथि सभ दीप प्रज्वलित कए कार्यक्रमक उद्घाटन कएलनि। भजन गायक विक्रम बिहारी, परितोष, शुभम भास्कर, अर्चना गोस्वामी, सोनम श्री आ मिनी एक सं बढ़ि कए एक भक्ति गीत प्रस्तुत कएलनि। हे पावन महादेवक नगरी, ई मटेश्वर धाम अछि... सहित विभिन्न भक्ति गीत पर कांवरिया आ श्रद्धालु देर राति धरि झूमैत रहलाह। कोलकाता सं आएल झांकी दल सेहो आकर्षक झांकी प्रस्तुत कए श्रद्धालुक मोन मोह लैत रहल। भक्ति गीत, मनमोहक झांकी आ हर-हर महादेवक जयघोष सं पूरा मैदान देर राति धरि भक्तिमय बनल रहल।

# रिंग बांध रोड निर्माण कार्यक जिलाधिकारी कएलनि स्थलीय निरीक्षण

सीतामढ़ी, समदिया

जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया रविदिन शहर मे निर्माणाधीन रिंग बांध रोडक स्थलीय निरीक्षण कए निर्माण कार्यक प्रगतिक जायजा लेलनि। एहि दौरान ओ संबंधित विभागक अधिकारी सभ सं निर्माणक वर्तमान स्थिति, सामने आबि रहल बाधा आ निर्धारित समय-सीमाक संबंध मे जानकारी लेलनि आआवश्यक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी बुडकोक अधिकारी सभ कें निर्धारित समय-सीमाक भीतर तय मानक आ तकनीकी विशिष्टताक अनुरूप गुणवत्तापूर्ण कार्य पूरा करबाक निर्देश देलनि। ओ निर्माण कार्य मे आबि रहल बाधा सभ कें संबंधित विभागक



संग समन्वय स्थापित कए शीघ्र दूर करबाक लेल कहलनि।निरीक्षणक दौरान अतिक्रमणक मामिला सेहो सामने आयल। जिलाधिकारी कहलनि जे पूर्व मे अतिक्रमणवाद चलाओल गेल छल। आब फेर टीम गठित कए नियमानुसार अतिक्रमणवाद चलबैत आवश्यक कारबाइ सुनिश्चित कएल जाएत। ओ कहलनि जे रिंग बांध रोड पुनौरा धाम धरि आवागमनसुगम बनयबाक संगहि शहरक कनेक्टिविटीक दृष्टिएं सेहो अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। एकर निर्माण सं शहरक प्रमुख मार्ग सभ पर यातायातक दबाव कम होयत आ लोक कें जामक समस्या सं राहति भेटबाक उम्मीद अछि। जिलाधिकारी संबंधित विभाग कें निर्माण कार्य मे बाधक बनि रहल विद्युत पोल सभक स्थानांतरण तथा आवश्यकतानुसार गाछ सभक स्थानांतरणक कारबाइ शीघ्र सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओ सभ संबंधित विभागक बीच प्रभावी समन्वय स्थापित कए निर्माण कार्य मे तेजी आनय पर जोर देलनि। निरीक्षणक दौरान उप विकास आयुक्त श्वेता भारती, अपर समाहर्ता संजीव कुमार, एसडीओ आनंद कुमार, सीओ डुमरा सहित जिला प्रशासनक अन्य वरिष्ठ पदाधिकारी आ संबंधित विभागक कार्यपालक अभियंता उपस्थित छलाह।

# पुनौरा धाम मंदिर निर्माण कार्यक जिलाधिकारी कएलनि समीक्षा

सीतामढ़ी, समदिया

पुनौरा धाम मंदिर आ परिसरक समग्र विकास कार्य मे तेजी आनयबाक उद्देश्य सं जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया रविदिन मंदिर परिसर स्थित सभाकक्ष मे संबंधित अधिकारी आ निर्माण एजेंसीक प्रतिनिधिसभक संग समीक्षा बैसार कएलनि। बैसार मे मंदिर निर्माण सहित परिसर मे चलि रहल विभिन्न विकास कार्यक वर्तमान स्थितिक जानकारी लेल गेल। निर्माण एजेंसी अहलूवालिया कॉन्ट्रैक्ट्स (इंडिया) लिमिटेडकप्रतिनिधि सभ जिलाधिकारी कें कार्यक प्रगति सं अवगत करौलनि। एहि दौरान उपलब्ध मानव संसाधन, मशीनरी, निर्माण सामग्री आ उपकरणक संग अस्थायी निर्माण कार्यक स्थितिक सेहो समीक्षा कएल गेल। एकर अतिरिक्त सड़क नेटवर्क, संपर्क मार्ग आ परिसरक अन्य आधारभूत संरचना सं जुड़ल कार्य पर चर्चा भेल। जिलाधिकारी निर्माण एजेंसी कें स्पष्ट निर्देश देलनि जे सभ कार्य निर्धारित समय सीमाक भीतर गुणवत्तापूर्ण ढंग सं पूरा कएल जाए। ओ परियोजना कें सरकारक प्राथमिकतावला महत्वपूर्ण योजना मे शामिल बतबैत निर्माण कार्यक नियमित निगरानी आ प्रगतिक निरंतरता



बनौने रखबाक निर्देश देलनि।मंदिर परिसर मे जलजमावक समस्या कें गंभीरता सं लैत जिलाधिकारी नगर निगम आ बुडकोकअधिकारी सभ कें आवश्यक कारबाइ करैत जलजमावक समस्या शीघ्र दूर करबाक निर्देश देलनि। ओकहलनि जे परिसरक विकास सं जुड़ल कार्य मे कोनो प्रकारक अनावश्यक देरी नहि होयबाक चाही। बैसार मे विभिन्न विभागक पदाधिकारी आ अभियंता सभ कें आपसी समन्वय सं लंबित प्रक्रिया सभक शीघ्र निष्पादन करबाक निर्देश देल गेल, जाहि सं निर्माण कार्य निर्बाध रूप सं आगू बढ़ि सकय। बैठकक बाद जिलाधिकारी मंदिर निर्माण आ परिसर मे चलि रहल विकास कार्यक स्थलीय निरीक्षण सेहो कएलनि। ओ निर्माण एजेंसीक प्रतिनिधि सभ सं कार्यक प्रगतिक जानकारी लैत मौके पर आवश्यक दिशा- निर्देश देलनि। एहि दौरान उप विकास आयुक्त श्वेता भारती सहित अन्य पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# सीएम सम्राट चौधरीक घुरिते राघोपुर बांध पर पसरल सन्नाटा

भागलपुर, समदिया

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक राघोपुर बांधक निरीक्षण कए वापस लौटिते देर राति बांध क्षेत्र मे सन्नाटा पसैर गेल। राति करीब 9:30 बजे सामने आएल तस्वीर मे नहि तं प्रशासनिक गतिविधि देखल गेल आ नहिसंबंधित अधिकारी, कांट्रेक्टर आ मजदूरक उपस्थिति स्पष्ट रूप सं नजरि आएल। एहि स्थिति कें लए स्थानीय लोक मे चिंता बढ़ि गेल अछि। बताओल जा रहल अछि जे मुख्यमंत्रीक दौरा दौरान राघोपुर बांध पर बचाव आ राहति कार्य कें लए प्रशासनिक अमला सक्रिय छल। अधिकारी सभक संग राहति-बचाव सं जुड़ल गतिविधि सेहो चलि रहल छल। मुदा मुख्यमंत्रीक लौटलाक बाद स्थिति बदलल देखाइत अछि। गंगा नदीक जलस्तर मे लगातार वृद्धि भए रहल अछि। यद्यपि बांध पर भेल कटाव मे फिलहाल स्थिरताआएल अछि, मुदा बढ़ैत जलस्तरक कारण बांध पर दबावक आशंका बनल अछि। एहन संवेदनशील परिस्थिति



मे रातिक समय अधिकारी आ संबंधित एजेंसीक जिम्मेदार लोकक अनुपस्थिति पर सवाल उठि रहल अछि। मुख्यमंत्री निरीक्षणक दौरान बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे 24 घंटा सामुदायिक रसोइघर चलयबाक, मोबाइल मेडिकल टीम कें सक्रिय रखबाक आ पर्याप्त नाव तथा मोटरबोट उपलब्ध रखबाक निर्देश देने छलाह। संगहि प्रभावित लोक कें हरसंभव सहायता देबाक, आपदा संपूर्ति पोर्टल अद्यतन रखबाक आ सुरक्षा व्यवस्थाक पुख्ता प्रबंध करबाक निर्देश देल गेल छल। तटबंधक लगातार निगरानी करबाक तथा कटाव अथवा क्षति होइतहि तत्काल सुरक्षात्मक आ मरम्मती कार्य करबाक निर्देश सेहो देल गेल छल। राघोपुर रेलवे बांध आ आसपासक क्षेत्र गंगाक बढ़ैत जलस्तरक कारण संवेदनशील मानल जाइत अछि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे एहन स्थान पर दिन-राति निगरानी आ जरूरी संसाधन उपलब्ध रहबाक चाही। राति मे आपात स्थिति उत्पन्न भेल तं तत्काल जिम्मेदारी संभालबाक लेल मौके पर के मौजूदरहत, ई सवाल सेहो उठि रहल अछि। फिलहाल, रातिक तस्वीर प्रशासनिक तत्परताक संग बांधक सुरक्षा व्यवस्थापर सेहो सवाल ठाढ़ कए रहल अछि। संबंधित विभाग एहि संबंध मे की स्पष्टीकरण दैत अछि, ताहि पर सभक नजरि अछि।

# बाल श्रमक विरुद्ध सामूहिक संकल्प, घुरघुरा हनुमाननगर बनत बाल श्रम मुक्त पंचायत

## 20 हजार सं बेसी आबादीबला पंचायत मे 8 सितंबर कें होयत घोषणा

सीतामढ़ी, समदिया

बाल श्रम जकां सामाजिक कुरीतिक विरुद्ध सामूहिक प्रयासक उल्लेखनीय उदाहरण सोनबरसा प्रखंडक घुरघुरा हनुमाननगर पंचायत बनय जा रहल अछि। 20 हजार सं बेसी आबादीवला एहि पंचायत कें 8 सितंबर कें विशेष कार्यक्रमक दौरान बाल श्रम मुक्त पंचायत घोषित कएल जाएत। पंचायत कें बाल श्रम मुक्त बनयबाक लेल श्रम संसाधन आ प्रवासी श्रमिक कल्याण विभाग, जिला प्रशासन, सीतामढ़ी पुलिस,पंचायत प्रतिनिधि, सामाजिक कार्यकर्ता, अदिथी कवच परियोजना आ ग्रामीण समुदाय द्वारा लगातार अभियान चलाओल गेल। एहि अभियानक नेतृत्व श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी सुधांश पाठक कएलनि। विभाग द्वारा अदिथी कवच परियोजना, पंचायत स्तरीय बाल कल्याण आ संरक्षण समिति तथा ग्राम पंचायतक समन्वय सं बाल श्रम रोकबाक, बच्चा सभ कें शिक्षा सं जोड़बाक आ बाल अधिकारक प्रति जागरूकता बढ़यबाक लेल कार्य कएल गेल। एहि पहल मे पंचायतक मुखिया सह पंचायत स्तरीय बाल कल्याण आ संरक्षण समितिक अध्यक्ष नुशरत जहांक महत्वपूर्ण



भूमिका रहल। हुनकर नेतृत्व मे जनप्रतिनिधि, शिक्षक, अभिभावक, सामाजिक कार्यकर्ता आ ग्रामीणक सहभागिता सं व्यापक जनजागरूकता अभियान चलाओल गेल। श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी सुधांश पाठक कहलनि जे पंचायत कें बाल श्रम मुक्त बनयबाक प्रयास मे पंचायत प्रतिनिधि, सामाजिक कार्यकर्ता, अदिथी कवच परियोजना आ ग्रामीण समुदाय सभक सहयोग महत्वपूर्ण रहल। सामुदायिक सहभागिता कें मजबूत करब एहि पहलुक प्रमुख उपलब्धि अछि। मुखिया नुशरत जहां कहलनि जे बाल श्रम मुक्त पंचायतक निर्माण बच्चा सभक सुरक्षित आ नीक भविष्य लेल सामूहिक संकल्प अछि। सामाजिक कार्यकर्ता ज्याउद्दीन उर्फ तन्नु आ मो. कमर अख्तर कहलनि जे अभियानक सफलता लेल निरंतर जागरूकता आ निगरानी आवश्यक अछि। अदिथी परियोजनाक कार्यक्रमप्रबंधक रोहित सिंह कहलनि जे ई उपलब्धि सामूहिक प्रयासक परिणाम अछि। स्थानीय शिक्षक आ ग्रामीण सभ सेहो कहलनि जे बच्चा सभक स्थान कार्यस्थल नहि, बल्कि विद्यालय आ सुरक्षित वातावरण मे अछि। 8 सितंबरक घोषणाक संग पंचायत बाल श्रमक विरुद्ध अपन सामूहिक संकल्प कें औपचारिक रूप देत। ई पहल सरकार, पंचायत आ समुदाय मिलि कए सामाजिक चुनौतीक स्थायी समाधानक दिशा तय करबाक संदेश दैत अछि।

# स्लेट मात्र लिखबाक लेल नहि... स्वयं कें सुधारबाक पहिल मंच अछि : अभिषेक वर्मा

सीतामढ़ी, समदिया

शिक्षक दिवसक अवसर पर प्राथमिक विद्यालय हीरा कन्हौली पश्चिम टोल, परसौनी मे बच्चासभक बुनियादी भाषा आ गणितीय कौशल मजबूत करबाक उद्देश्य सं स्लेट मंचक शुरुआत कएल गेल। विद्यालयक प्रधान शिक्षक अभिषेक वर्माक पहल पर शुरू भेल एहि कार्यक्रमक माध्यम सं अक्षर, संख्या, लेखन आ पठन कौशल कें नियमित अभ्यास द्वारा मजबूत करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। कार्यक्रमक शुभारंभ मुख्य अतिथि परसौनी खिरोधर पंचायतक मुखिया पति मुकेश सिंह आ विशिष्ट अतिथि पंचायत समिति सदस्य रामबाबू पटेल बच्चा सभ कें स्लेट प्रदान कए कएलनि। एहि अवसर पर बच्चा सभ मे मिठाइयो बांटल गेल। प्रधान शिक्षक अभिषेक वर्मा कहलनि जे स्लेट मात्र लिखबाक साधन नहि, बल्कि सीखबाक आ स्वयं मे सुधार करबाक पहिल मंच अछि। हुनकर कहब छल जे डिजिटल शिक्षाक बढ़ैत दौर मे स्मार्ट क्लास, टैबलेट आ डिजिटल बोर्ड महत्वपूर्ण अछि, मुदा प्राथमिक स्तर पर स्लेट आइयो सरल, सस्ता आ प्रभावी



शिक्षण-साधन अछि। स्लेट बच्चा सभ कें बेर-बेर लिखबाक, मेटबाक आ अपन गलती तुरंत सुधारबाक अवसर दैत अछि, जाहि सं लेखनक अभ्यास, आत्मविश्वास आ आत्म-सुधारक आदत विकसित होइत अछि। स्लेट मंचक अंतर्गत प्राथमिक कक्षाक बच्चा सभ कें प्रतिदिन स्लेट देल जाएत।एहि पर अक्षर शब्द लेखन, संख्या, जोड़-घटाव सहित प्रारंभिक गणितीय अवधारणाक अभ्यास कराओल जाएत। शिक्षक बच्चासभक कार्यक निरीक्षण कए गलती चिन्हित करैत तत्काल सुधार कराओत। अभ्यासक बाद स्लेट विद्यालय मे सुरक्षित राखल जाएत, जाहि सं सभ बच्चा कें समान अवसर भेटि सकय। अभिषेक वर्मा कहलनि जे गुणवत्तापूर्ण शिक्षाक लेल मात्र महंग संसाधन जरूरी नहि अछि।विद्यालय मे सीमित संसाधनक बावजूद सामूहिक प्रयास सं छोट पुस्तकालय विकसित कएल गेल अछिआ बच्चा सभ कें कंप्यूटर तथा डिजिटल तकनीक सं परिचित करबाक लेल लैपटॉपक व्यवस्था कएल गेलअछि। मुख्य अतिथि मुकेश सिंह आ पंचायत समिति सदस्य रामबाबू पटेल एहि पहल कें सराहैत आवश्यक सहयोगक आश्वासन देलनि। कार्यक्रम मे विद्यालय सचिव राधिका देवी सहित शिक्षक, अभिभावक आ दर्जनों ग्रामीण उपस्थित छलाह।

# सूड़ी समाज कें अतिपिछड़ा वर्ग मे शामिल करबाक मांग पर सरकार पहल करय : अमरनाथ गामी

दरभंगा, समदिया

शहरक शिवाजीनगर स्थित सूड़ी धर्मशाला मे रविदिन वैश्य सूड़ी समाज समिति, दरभंगाक जिलास्तरीय संगठनात्मक परिचर्चा बैसार आयोजित भेल। बैसार मे संगठनक विस्तार, सामाजिक उत्थान, शिक्षा आ प्रतिभाशाली छात्र-छात्रा कें प्रोत्साहित करबाक सहित विभिन्न मुद्दा पर चर्चा भेल। मुख्य अतिथि पूर्व विधायक अमरनाथ गामी कहलनि जे 2025क विधानसभा चुनावक बाद सूड़ी समाजक राजनीतिक भागीदारी आ मजबूती मे वृद्धि भेल अछि। एनडीए सं चारि आ महागठबंधन सं चारि लोक कें टिकट भेटल छल, जाहि मे एनडीएक सभ चारू उम्मीदवार चुनाव जीतिकऽ विधानसभा पहुंचलाह आ दू गोटे कें मंत्री बनेबाक अवसर भेटल। ओ कहलनि जे सूड़ी समाज कें अतिपिछड़ा वर्ग मे शामिल करबाक मांग दशक सं चलि रहल अछि। सरकार कें एहि दिशा मे गंभीरतापूर्वक पहल करबाक चाही। सूड़ी समाजक इतिहास परोपकार आ सामाजिक सेवा सं जुड़ल रहल अछि। आर्थिक रूप सं कमजोर आ मेधावी छात्र- छात्राक पढ़ाइ मे समाज हरसंभव सहयोग करत। गरीब



बेटीक विवाह मे सहायता, पूर्वजक कृति सभक संरक्षण आ प्रतिभा सभ कें सम्मानित कए समाज कें मजबूत बनाओल जाएत। प्रमंडलीय अध्यक्ष सुनील गड़ाई कहलनि जे वैश्य सूड़ी समाज समिति गैर-राजनीतिक सामाजिक संगठन अछि आ ईएह एकर पैघ ताकत अछि। संगठन समाजक सभ वर्ग कें संग लए कए आगू बढ़ि रहल अछि आ आखरी पांति मे ठाढ़ लोक धरि संगठनक पहुंच सुनिश्चित कएल जाएत। अध्यक्षता करैत जिलाध्यक्ष रामनाथ पंजियार कहलनि जे संगठन समाजहित आ सामाजिक उत्थान लेल लगातार काज कए रहल अछि। शीघ्र व्यापक सदस्यता अभियान चलाओल जाएत। ओ कहलनि जे डॉक्टर, अभियंता आ विभिन्न प्रतियोगी परीक्षा मे सफलता प्राप्त कएनिहार समाजक युवक-युवती कें 4 अक्टूबर कें दरभंगा मे आयोजित प्रतिभा सम्मान समारोह मे सम्मानित कएल जाएत। बैसार कें प्रो. जगदीश महतो, रामविलास भारती, राजा महतो, विजय महतो, दीपक पंजियार, बबलू पंजियार,सोनी पूर्वे, राजेश पंजियार सहित अन्य वक्ता संबोधित कएलनि। मंच संचालन पप्पू कुमार नायक आधन्यवाद ज्ञापन सुजीत नायक कएलनि। बैसार मे समाजक पैघ संख्या मे लोक उपस्थित छलाह।

# यूपी विधानसभा चुनाव लेल ओवैसी 20 सितंबर सं शुरू करताह चुनावी दौरा

उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027 कें लए राजनीतिक दल सभक तैयारी तेज भए गेल अछि। एहि क्रम मे ऑल इंडिया मजलिस-ए-इत्तेहादुल मुस्लिमीन (एआईएमआईएम) सेहो चुनावी गतिविधि बढ़ा देने अछि। पार्टी प्रमुख असदुद्दीन ओवैसी 20 सितंबर सं उत्तर प्रदेशक विभिन्न जिलाक दौरा शुरू करताह। एहि दौरान ओ जनसभा आ जनसंपर्क कार्यक्रमक माध्यम सं पार्टीक पक्ष मे माहौल बनेबाक प्रयास करताह। एआईएमआईएमक राष्ट्रीय प्रवक्ता शादाब चौहान शनिदिन मेरठ मे प्रेस कॉन्फ्रेंस कए पार्टीक आगामी रणनीतिक जानकारी देलनि। ओ बतौलनि जे ओवैसी कई जिला मे जा कए लोक सं संवाद करतीह।



शादाब चौहानक अनुसार, असदुद्दीन ओवैसी 20 सितंबर कें कानपुर, 27 सितंबर कें श्रावस्ती आ 11 अक्टूबर कें आजमगढ़क दौरा करतीह। एकर बाद अक्टूबरक आखरी सप्ताह आ नवंबरक शुरूआत मे मेरठ, मुजफ्फरनगर समेत पश्चिमी उत्तर प्रदेशक कई जिला मे सेहो हुनकर कार्यक्रम प्रस्तावित अछि। पार्टीक कहब अछि जे एहि दौरा दौरान संगठन कें मजबूत करबाक संग-संग कार्यकर्ता आ स्थानीय लोक सं सेहो संवाद कएल जायत।

शादाब चौहान कहलनि जे एआईएमआईएम शीघ्र घोषणा करत जे 2027क विधानसभा चुनाव मे पार्टी कतेक आ कोन-कोन सीट पर अपन उम्मीदवार उतारत। एकर बाद प्रत्याशीक नामक घोषणा कएल जायत। ओ कहलनि जे पार्टी जमीनी स्तर पर चुनावक तैयारी कए रहल अछि आ आगू लगातार जनसंपर्क अभियान चलाओल जायत।

**एहि जिला सभ पर नजरि**

प्रेस कॉन्फ्रेंसक दौरान शादाब चौहान समाजवादी पार्टी पर सेहो हमला कएलनि। ओ आरोप लगौलनि जे सपा मुस्लिमक वोटक इस्तेमाल करैत अछि। ओ कहलनि जे एआईएमआईएमक मुख्य उद्देश्य भाजपा कें हराएब आ सेक्युलर वोटक बंटवारा रोकब अछि। शादाब चौहान ई सेहो कहलनि जे गठबंधन कें लए एआईएमआईएमक रास्ता सभ लेल खुलल अछि। मुदा चुनाव मे गठबंधन कें लए आखरी सूरति एखन साफ नहि अछि। एआईएमआईएम नेता कहलनि जे पार्टीक लक्ष्य भाजपा कें सत्ता सं बाहर करब अछि।

ओ कहलनि जे एआईएमआईएम उत्तर प्रदेश मे योगी आदित्यनाथ कें तेसर बेर मुख्यमंत्री बने सं रोकबाक लेल चुनावी मैदान मे उतरत। पार्टी दिस सं प्रदेशक अलग-अलग हिस्सा मे संगठन कें सक्रिय करबाक आ चुनावी आधार मजबूत करबाक पर जोर देल जा रहल अछि।

शादाब चौहान सहारनपुर मे मस्जिद तोड़ल गेल मामिला कें लए सेहो विरोध जतौलनि। ओ आरोप लगौलनि जे मस्जिद कें अवैध बताकए कारबाइ कएल गेल, जखनकि दोसर धार्मिक स्थल सभक जांच कें लए सवाल उठैत रहल अछि। ओ अखिलेश यादवक सहारनपुर दौरा के बाद भेल कारबाइ कें लए सेहो सवाल ठाढ़ कएलनि। शादाब चौहान आरोप लगौलनि जे अखिलेश यादवक दौरा के बाद रातिक अन्हार मे कारबाइ कएल गेल। ओ सवाल उठौलनि जे कतहु समाजवादी पार्टी आ भाजपा मे मिलीभगत तं नहि अछि। संगहि ओ पूरा मामिलाक निष्पक्ष जांचक मांग कएलनि।

उत्तर प्रदेश मे विधानसभा चुनाव 2027 कें लए एखनहि सं राजनीतिक दल सभ अपन तैयारी शुरू कए देने अछि। भाजपा आ सपा मे मोकाबला के संग आब एआईएमआईएम सेहो अपन मौजूदगी मजबूत करबाक प्रयास कए रहल अछि। ओवैसीक लगातार प्रस्तावित दौरा सं आगूक दिन मे प्रदेशक राजनीति मे हलचल आरो बढ़बाक संभावना अछि।

## महाराष्ट्रक छात्र सभक समर्थन मे उतरला राहुल गांधी, कहलनि- सरकार मांग मानय, नहि तं आरो तेज होयत छात्र सभक आवाज

कांग्रेस नेता राहुल गांधी रवि दिन कहलनि जे महाराष्ट्र मे हजारो छात्र सड़क पर प्रदर्शन कए रहल छथि, कारण पूरा तंत्र सं हुनकर भरोसा टूटि गेल अछि। कांग्रेस नेता कहलनि जे भारतीय जनता पार्टी (भाजपा) सरकार कें महाराष्ट्रक छात्र सभक आवाज सुनबाक चाही, नहि तं छात्र सभक गूंज आरो तेज होयत। लोकसभा मे विपक्षक नेता गांधी कहलनि जे केंद्र सरकार हो वा राज्य सरकार, सभ छात्र भाजपा शासन सं परेशान छथि।



### कांग्रेस नेता कएलनि पोस्ट

लोकसभा मे विपक्षक नेता राहुल गांधी एक्स पर एकटा पोस्ट मे कहलनि जे महाराष्ट्र मे हजारो छात्र शांतिपूर्ण तरहे सड़क पर प्रदर्शन कए रहल छथि। एकर कारण मात्र कोनो एक परीक्षा वा भर्ती नहि अछि, बल्कि पूरा तंत्र सं टूटल भरोसा अछि। केंद्र हो वा राज्य, भाजपा सरकार मे सभ छात्र परेशान छथि। प्रश्नपत्र लीक, रुकल भर्ती, शिक्षाक बढ़ैत आ असहनीय लागत, छात्रावास मे अमानवीय स्थिति, जहर सन खाना आ डीबीटी (प्रत्यक्ष लाभ अंतरण) मे धोखाधड़ी सन समस्या सं छात्र सभ परेशान छथि।

### छात्र सभक भविष्य सं जुड़ल प्रत्येक मांग जायज

ओ कहलनि जे आब एमपीएससी सन संवैधानिक संस्था पर सेहो नियंत्रण कए ओकर विश्वसनीयता समाप्त कए देल गेल अछि। गांधी जोर दैत कहलनि जे छात्र सभक नीक भविष्य सं जुड़ल हुनकर प्रत्येक मांग जायज अछि। सरकार कें हुनकर आवाज सुनबाक चाही आ तत्काल कारबाइ करबाक चाही। नहि तं ई छात्र सभक गूंज ताधरि आरो तेज होइत रहत, जाधरि न्याय नहि भेटि जाइत।

### कांग्रेस नेता कखन कएलनि टिप्पणी

राहुल गांधीक ई टिप्पणी एहन समय मे आएल अछि, जखन महाराष्ट्र सरकार राज्यक वर्तमान भर्ती परीक्षा प्रणालीक व्यापक समीक्षा लेल एकटा उच्चस्तरीय समिति गठित केने अछि। समितिक उद्देश्य परीक्षा व्यवस्था कें बेसी पारदर्शी, सुरक्षित, विश्वसनीय आ उम्मीदवारक अनुकूल बनेबाक उपाय सुझाएब अछि।

### समीक्षा मे सभ पहलूक जांच होयत

समीक्षा मे परीक्षा प्रक्रियाक सभ पहलू कें शामिल कएल जायत। एहि मे प्रश्नपत्र तैयार करब आ ओकर जांच, प्रश्नपत्रक गोपनीयता आ सुरक्षित राखि-रखाव, परीक्षा केंद्रक प्रबंधन आ सुरक्षा, प्रौद्योगिकीक इस्तेमाल, नकल आ अन्य अनियमितता रोकबाक उपाय, विभिन्न एजेंसी सभक बीच समन्वय, शिकायतक निवारण आ उम्मीदवार सभक समग्र परीक्षा अनुभवक समीक्षा शामिल अछि।

### महाराष्ट्र सरकार एहि समितिक गठन किएक कएलक

महाराष्ट्र मे आदिवासी छात्र आ नौकरीक इच्छुक अभ्यर्थी सभ छात्रावासक बदहाल स्थिति, छात्र सभक सुरक्षा आ परीक्षा प्रश्नपत्र लीक कें लए प्रदर्शन केने छलाह। एकर बाद राज्य सरकार हुनकर प्रमुख मांग सभ स्वीकार करैत परीक्षा मे सुधार लेल नयका समिति गठित करबाक निर्णय लेलनि।

## जेन-जी आंदोलन कें केलक हाईजैक? मायावतीक आरोप

बहुजन समाज पार्टी (बीएसपी) प्रमुख मायावती एक्स पर पोस्ट कए जेन-जी आंदोलन कें लए राजनीतिक दल सभ पर गंभीर आरोप लगौलनि अछि। ओ कहलनि जे देश मे कतेको एहन उदाहरण अछि, जाहि कारण लोक कें लगैत अछि जे युवा, बेरोजगार आ अन्य लोकक ज्वलंत

**बीएसपी कार्यकर्ता सभ सं कहलनि- चुनाव धरि बचा कए राखू अपन शक्ति**

मुद्दा सभक समाधानक लेल चलाओल जा रहल सीजेपीक जेन-जी आंदोलन कें विभिन्न राजनीतिक दल सभ हाइजैक कए लेलनि अछि। हुनकर अनुसार, जंतर-मंतर आंदोलनक दौरान युवा आ छात्र सभ कें जे पैघ सपना देखाओल गेल छल, ओ आंदोलन आब स्वतंत्र रहबाक बदला बेसी राजनीतिक होइत जा रहल अछि आ गंभीर संदेह सं घेरायल अछि। मायावती कहलनि जे बीएसपी कें सदिखन जेन-जी आ जेन-अल्फाक



आवश्यक मांग सभक प्रति पूरा सहानुभूति आ चिंता रहल अछि। ओ बीएसपीक सभ राज्य इकाइ कें निर्देश देलनि जे ओ अपन-अपन राज्य आ क्षेत्र मे संबंधित अधिकारी सभ सं भेंट करथि आ युवा सभक समस्या कें शांतिपूर्ण तरहे समाधान कराबय दिस सक्रिय रूप सं काज करथि। मायावती कहलनि जे बीएसपीक अनुशासनक अनुसार पार्टीक सदस्य धरना, विरोध वा आंदोलन मे शामिल नहि होतीह। एकर बदला ओ चुनाव लेल अपन शरीर, मन आ संसाधनक शक्ति तथा ऊर्जा बचा कए राखतीह। ओ कहलनि जे बीएसपी ह्यसर्वजन हिताय व सर्वजन सुखायह्नक आधार पर सरकार बना कए बाबा साहेब डॉ. भीमराव आंबेडकरक सपना साकार करबाक प्रयास करत। संगहि जेन-जी, जेन-अल्फा आ समाजक सभ वर्गक समस्या सभक स्थायी समाधान निकालबाक बात कहलनि। ओ कहलनि जे उत्तर प्रदेश मे बीएसपीक चारि सरकारक माध्यम सं एकर उदाहरण पहिने देल जा चुकल अछि। मायावती कहलनि जे जेन-जीक जंतर-मंतर आंदोलनक दौरान पुलिस समय पर आ उचित कारबाइ केने रहित तं श्री संजय आजाद सं जुड़ल गंभीर घटना नहि घटित।

# डीयू छात्रसंघ चुनाव दिल्लीक राजनीति मे किएक खास? कतेको पैघ नेता एतहि सं शुरू कएलनि अपन राजनीतिक यात्रा

दिल्ली विश्वविद्यालय छात्रसंघ (डूसू) चुनाव कें दिल्लीक राजनीतिक प्रयोगशाला मानल जाइत अछि। मुख्यमंत्री रेखा गुप्ता आ शिक्षा मंत्री आशीष सूद समेत कतेको पैघ नेता अपन राजनीतिक यात्राक शुरूआत डूसू सं केने छलाह। दिल्ली विश्वविद्यालय छात्र संघ (डूसू) चुनाव भले विश्वविद्यालय परिसर मे होइत अछि, मुदा एकर प्रभाव दिल्लीक राजनीति सं लए राष्ट्रीय स्तर धरि देखाइ पड़ैत रहल अछि। वर्ष 1954 मे शुरू भेल एहि चुनावक माध्यम सं पछिला सात दशक मे अलग-अलग विचारधाराक नेता सभ कें राजनीतिक मंच भेटल अछि। एतय सं निकलल कतेको छात्र नेता आगू चलि पार्षद, विधायक, सांसद, केंद्रीय मंत्री आ मुख्यमंत्री धरि बनलाह। एहि दृष्टि सं डूसू कें दिल्ली आ राष्ट्रीय राजनीति लेल नेतृत्व तैयार कएनिहार प्रयोगशाला कहब गलत नहि होयत।



**चुनाव परिसर मे होइत अछि, मुदा असर राष्ट्रीय स्तर धरि :** एहि प्रयोगशाला सं निकलल सभ सं महत्वपूर्ण राजनीतिक उपलब्धि दिल्लीक वर्तमान मुख्यमंत्री रेखा गुप्ता छथि। ओ डूसूक सचिव रहलाक बाद वर्ष 1996-97 मे अध्यक्ष बनल छलीह। छात्र राजनीति सं निकलि ओ नगर निगमक राजनीति मे प्रवेश कएलनि आ तीन बेर पार्षद रहल छलीह। वर्ष 2025 मे शालीमार बाग सं विधायक चुनल गेलाक बाद ओ मुख्यमंत्री बनलीह। डूसूक इतिहास मे ई पहिल अवसर अछि, जखन एतुक्का छात्र राजनीति सं निकलल कोनो नेता दिल्लीक मुख्यमंत्री पद धरि पहुंचल छथि। दिल्ली सरकारक शिक्षा मंत्री आशीष सूद सेहो वर्ष 1988-89 मे डूसूक अध्यक्ष रहल छलाह।

**अरुण जेटली, अजय माकन आ विजय गोयल महत्वपूर्ण जिम्मेदारी संभारलनि :** डूसू एहन नेता सभ कें सेहो तैयार कएलक, जे राष्ट्रीय राजनीति मे महत्वपूर्ण जिम्मेदारी संभललनि। वर्ष 1974 मे एबीवीपीक टिकट पर अध्यक्ष बनल अरुण जेटली आगू चलि राज्यसभा सांसद आ केंद्रीय मंत्री बनलाह। वर्ष 1986 मे डूसू अध्यक्ष रहल अजय माकन केंद्र सरकार मे मंत्री बनलाह। वर्ष 1978 मे अध्यक्ष रहल विजय गोयल तीन बेर लोकसभा आ एक बेर राज्यसभा सदस्य रहलाह आ केंद्र मे मंत्रीक जिम्मेदारी सेहो संभारलनि।

**कांग्रेसक राजनीति मे सेहो रहल डूसूक मजबूत छाप :** अजय माकनक अतिरिक्त सुभाष चोपड़ा, अलका लांबा, नीतू वर्मा आ अमृता धवन छात्र राजनीति सं अपन यात्रा शुरू कएलनि। नीतू वर्मा आ अमृता धवन बाद मे पार्षद बनलीह। अनिल चौधरी विधानसभा धरि पहुंचलाह, जखनकि अनिल झा, विजय जौली आ अलका लांबा सेहो डूसू अध्यक्षक पदक बाद विधायक बनलाह।

# समस्तीपुर कंट्रोल रूम मे बाढ़िक तैयारीक भेल समीक्षा

## सिविल सर्जन कें पर्याप्त दवा उपलब्ध रखबाक निर्देश देल गेल

» प्रभारी सचिव तय कएलनि अधिकारीक जवाबदेही




समस्तीपुर, समदिया

समस्तीपुरक प्रभारी सचिव सह भवन निर्माण विभागक सचिव प्रणव कुमार रविदिन जिलाधिकारी रोशन कुशवाहा, अपर समाहर्ता आपदा प्रबंधन राजेश सिंह सहित अन्य पदाधिकारीक संग रसूलपुरक बाढ़िप्रभावित क्षेत्रक भ्रमण कएलनि। भ्रमणक बाद कंट्रोल रूम मे बैसार कए बाढ़ि सं निपटबाक तैयारीक बिंदुवार समीक्षा कएल गेल। बैसार मे विस्थापनक स्थिति उत्पन्न भेलापर आश्रय स्थल, मूलभूत सुविधा आ कम्युनिटी किचनक संचालन पर विशेष चर्चा भेल। प्रभारी सचिव निर्देश देलनि जे आवश्यकता पड़लापर प्रभावित परिवार कें तत्काल सुरक्षित स्थानपर पहुंचाओल जाए आ गुणवत्तापूर्ण भोजन उपलब्धकराओल जाए। एहि कार्य मे कोनो प्रकारक देरी नहि होबाक चाही। आकस्मिक परिस्थिति सं निपटबाकलेल उपलब्ध संसाधन, मानव बल आ त्वरित प्रतिक्रिया व्यवस्थाक सेहो समीक्षा कएल गेल। सभ संसाधन कें तैयार स्थिति मे राखबाक आ आपात स्थिति उत्पन्न भेलापर तत्काल कारबाइ करबाक निर्देश देल गेल। स्वास्थ्य व्यवस्थाक समीक्षा दौरान जीवन रक्षक दवाइक स्टॉकक जानकारी लेल गेल। सिविल सर्जन कें पर्याप्त दवा उपलब्ध रखबाक आ तत्काल स्वास्थ्य सेवा सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल। पशुपालन पदाधिकारी कें बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे पशुक लेल चारा आ पशु चिकित्सा दवाइक पर्याप्त उपलब्धता तथावितरण सुनिश्चित करबाक कहल गेल। जरूरतमंद परिवारक लेल पॉलिथीन शीटक उपलब्धता आ वितरणक सेहो समीक्षा भेल। प्रभारी सचिव राहति आ बचाव सं जुड़ल प्रत्येक कार्य लेल संबंधित अधिकारीक स्पष्ट जवाबदेही तय करबाक निर्देश देलनि। जलस्तर पर लगातार नजरि रखबाक लेल अपर समाहर्ता राजेश सिंह आ बाढ़ि प्रमंडलक पदाधिकारी सभ कें निर्देश देल गेल। तटबंध आ संवेदनशील स्थल पर निरंतर निगरानीक संग अनुमंडल कंट्रोल रूम तथा जिला आपातकालीन संचालन केंद्र (डीईओसी)क माध्यम सं 24 घंटा निगरानी आ विभाग सभ मे समन्वय सुनिश्चित करबाक कहल गेल। अपर समाहर्ता राजेश सिंह कहलनि जे बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे माइकिंगकमाध्यम सं लोक कें लगातार जागरूक कएल जा रहल अछि आ प्रशासनक दिशा-निर्देशक जानकारी देलजा रहल अछि।

# रोसड़ा मे राष्ट्रीय शिक्षक सम्मान समारोह मे 200 शिक्षक सम्मानित

समस्तीपुर, समदिया



मुसायनायक सीता देवी एजुकेशनल ट्रस्ट, रोसड़ाक तत्वावधान मे आयोजित राष्ट्रीय शिक्षक सम्मान समारोह 2026मे जिलाक उत्कृष्ट शिक्षक सभ कें सम्मानित कएल गेल। समारोह मे प्रधानाध्यापक मुकेश कुमार कें केंद्रीय मंत्री राजभूषण चौधरीक हाथे अंगवस्त्र, मोमेंटो आ नव रत्न शिक्षक सम्मान प्रदान कएलगेल। कार्यक्रमक उद्घाटन केंद्रीय मंत्री राजभूषण चौधरी, बिहार सरकारक मंत्री अरुण शंकर प्रसाद, विधान पार्षद तरुण कुमार, स्थानीय विधायक बीरेंद्र कुमार, चेतना झा आ प्रो. शिव शंकर सिंह संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए कएलनि। संस्थापक देवेंद्र नायकक अध्यक्षता मे आयोजित समारोहक संचालन अखिलेश कएलनि, जखन कि धन्यवाद ज्ञापन संयोजक सत्येंद्र कुमार नायक कएलनि। एहि अवसरपर देशक विभिन्न भाग सं आएल 200 शिक्षक कें शिक्षा क्षेत्र मे उल्लेखनीय योगदानक लेल सम्मानित कएल गेल। समारोहक बीच विभिन्न विद्यालयक छात्रा सभ सांस्कृतिक कार्यक्रमक शानदार प्रस्तुति देलनि। छात्रा सभक प्रस्तुति उपस्थित अतिथि आ लोकक मन मोह लेलक। नव रत्न शिक्षक सम्मान प्राप्त कएनिहार मे मोनाक्षी कुमारी, वंदना कुमारी, नेहा कुमारी, अनीता कुमारी, संगीता कुमारी, कुमारी विभा, सौरव कुमार, अनंत कुमार राय, मेघन सहनी, अखिलेश ठाकुर, मुकेश कुमार, जितेंद्र कुमार, बैद्यनाथ रजक, नारायण सहनी, मनीष कुमार शशि आ विकास मिश्रा शामिल छथि।

# प्रभारी सचिव कएलनि हसनपुर धमौनक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक निरीक्षण

समस्तीपुर, समदिया



समस्तीपुर जिलाक प्रभारी सचिव सह भवन निर्माण विभागक सचिव प्रणव कुमार रविदिन हसनपुर- धमौनक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक स्थलीय भ्रमण कए स्थितिक निरीक्षण केलनि। हुनका संग जिलाधिकारी रोशन कुशवाहा, अपर समाहर्ता आपदा प्रबंधन राजेश सिंह सहित प्रखंड विकास पदाधिकारी, अंचलाधिकारी, थाना प्रभारी आ बाढ़ि प्रमंडलक पदाधिकारी उपस्थित छलाह। निरीक्षणक दौरान प्रभारी सचिव बाढ़िक जलस्तर, प्रभावित आबादी, आवागमनक स्थिति आ चलि रहल राहति-बचाव कार्यक विस्तृत जानकारी लेलनि। हुनका निर्देश देलनि जे बाढ़ि प्रभावित लोक कें कोनो प्रकारक परेशानी नहि होय। भोजन, शुद्ध पेयजल, दवा आ अन्य आवश्यक सामग्रीक उपलब्धता हर हाल मे सुनिश्चित करबाक कहलनि। प्रभारी सचिव नाव, नाविक आ गोताखोरक पर्याप्त उपलब्धता, सामुदायिक रसोइयाक सुचारु संचालन, सुरक्षित ठहराव स्थल आ राहति सामग्रीक वितरणक समीक्षा कएलनि। हुनकर निर्देश छल जे राहति कार्य पूरीसंवेदनशीलता आ तत्परताक संग चलाओल जाए। पशुपालन विभाग कें बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे पशुक लेल पर्याप्त चारा उपलब्ध कराबय तथा सिविल सर्जन कें पर्याप्त दवा आ मेडिकल टीम तैनात रखबाक निर्देश देल गेल, जाहि सं बाढ़िक कारण कोनो स्वास्थ्य संकट उत्पन्न नहि हो। बाढ़ि प्रमंडलक अभियंता सभ कें तटबंध आ संवेदनशील स्थल पर 24 घंटा निगरानी रखबाक आ कटावक स्थिति उत्पन्न भेलापर तत्काल कारबाइ करबाक कहल गेल। प्रभारी सचिव अनुमंडल स्तर पर कंट्रोल रूम आ जिला स्तर पर 24×7 जिला आपातकालीन संचालन केंद्र (डीईओसी)क माध्यम सं बाढ़िक लगातार निगरानी तथा त्वरित समन्वय सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। हुनकर कहब छल जे आम लोकक सुरक्षा सर्वोच्च प्राथमिकता अछि आ एहि मामिला मे कोनो स्तर पर लापरवाही बर्दाश्त नहि कएल जाएत। एहि दौरान जिलाधिकारी रोशन कुशवाहा जिला मे बाढ़िक वर्तमान स्थिति आ प्रशासन द्वारा चलाओल जा रहल राहति-बचाव कार्यक संबंध मे प्रभारी सचिव कें विस्तृत जानकारी देलनि।

# तुलापतगंज मे सात दिवसीय श्रीमद्भागवत कथाक आयोजन

झंझारपुर, समदिया



झंझारपुर प्रखंडक तुलापतगंज बाजार स्थित बाबा बद्रीनाथ महादेव मंदिर परिसर मे सात दिवसीय श्रीमद्भागवत कथाक भव्य आयोजन कएल जा रहल अछि। बाबा बद्रीनाथ न्यास समितिक तत्वावधान मेआयोजित एहि धार्मिक कार्यक्रम मे श्रद्धालुक भारी भीड़ जुटि रहल अछि। कथाक शुभारंभ 1 सितंबर सं भेल अछि। वृंदावन सं पधारल कथावाचक माधुरी कुंज सरकार नटवर नारायण दास जी महाराज अपन सुमधुर वाणी मे भगवान श्रीकृष्णक विभिन्न लीलाक वर्णन कए रहल छथि। कथा सुनि श्रद्धालु भावविभोर भए रहल छथि आ पूरा मंदिर परिसर राधे-राधेक जयघोष सं गूंजि रहल अछि। पंचम दिवसक प्रवचन मे महाराज कहलनि जे भगवत् प्राप्तिक सहज आ सरल माध्यम अनुशासन अछि। अनुशासन व्यक्ति कें आत्मसमृद्धिक बाट दिस लए जाइत अछि। हुनकर कहब छल जे जीवन मे अनुशासन रहत तं भक्ति स्वतः आबि जाएत। एहि पावन कथा मे यजमानक रूप मे महेश प्रसाद जिवराजिका आ अरुण पूर्वे सादर उपस्थित छथि। कार्यक्रम कें सफल बनाबय मे श्री तेज नारायण प्रधान, सुनील प्रसाद जीवराजिका,देवेंद्र महतो, रमन कुमार साह, प्रमोद कुशवाहा, मुकेश महतो, नागेंद्र महतो, राजीव कुमार, संदीप कुमार, वीरेंद्र प्रधान, दीपक साह, अशोक गिरी, किशन कुमार, आदित्य कुमार, धनेश्वर पोद्दार, वीरेंद्र कुमार, शिव कुमार, कृष्णा कुमार, भरत महतो, जयप्रकाश विहंगम सहित समस्त ग्रामवासी तन-मन सं जुटल छथि। आयोजन कें लए कए तुलापतगंज आ आसपासक क्षेत्र मे भक्तिमय वातावरण बनल अछि। प्रतिदिन पैघ संख्या मे श्रद्धालु मंदिर परिसर पहुंचि श्रीमद्भागवत कथाक श्रवण कए रहल छथि।

# ई शिक्षा पत्रिकाक लेल डीईओक निर्देश, शिक्षक आ विद्यार्थी पठाउ मौलिक रचना

सीतामढ़ी, समदिया




जिलाक सरकारी विद्यालय मे कार्यरत शिक्षक-शिक्षिका आ विद्यार्थीक रचनात्मक प्रतिभा कें प्रोत्साहित करबाक लेल जिला शिक्षा पदाधिकारी (डीईओ) महत्वपूर्ण निर्देश जारी कएलनि अछि। डीईओ सभ जिला कार्यक्रम पदाधिकारी, प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी आ सरकारी विद्यालयक प्रधानाध्यापक तथा प्रधान शिक्षक कें ईशिक्षा पत्रिका मे शिक्षक आ विद्यार्थीक सहभागिता सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि अछि। डीईओ कार्यालय सं पत्रांक 3314, दिनांक 5 सितंबर 2026 कए जारी आदेश मे कहल गेल अछि जे ई-शिक्षा पत्रिकाक माध्यम सं शिक्षक आ विद्यार्थीक लेखन कौशल, रचनात्मकता आ अभिव्यक्ति क्षमता कें विकसित करबाक उद्देश्य सं हुनकर मौलिक रचना कें प्रकाशित कएल जाएत। पत्रिका मे कविता, कथा, संस्मरण, शैक्षणिक अनुभव, नवाचार, प्रेरक लेख आ विद्यालयक गतिविधि सं जुड़ल मौलिक सामग्री कें स्थान देल जाएत। निर्देश मे सरकारी विद्यालयक शिक्षक आ प्रधानाध्यापक सभ सं एहि पहल मे सक्रिय सहभागिता सुनिश्चित करबाक संग विद्यालयक प्रतिभावान विद्यार्थीसब कें सेहो अपन रचना पठेबाक लेल प्रेरित करबाक कहल गेल अछि। विद्यालय स्तर पर रचनात्मक लेखन कें बढ़ावा देबाक लेल आवश्यक वातावरण तैयार करबाक पर सेहो जोर देल गेल अछि। डीईओ कहलनि जे एहि पहल सं शिक्षक आ विद्यार्थीसब कें अपन प्रतिभा प्रदर्शित करबाक अवसर भेटत। एकरा सं जिला मे शैक्षणिक आ साहित्यिक गतिविधि कें नव गति भेटबाक संग विद्यालय मे नवाचार आ उत्कृष्ट कार्यक आदान-प्रदान कें सेहो बढ़ावा भेटत। ईशिक्षा पत्रिकाक संस्थापक-संपादक प्रियंका कुमारीक पहल पर चलाओल जा रहल एहि अभियान कें जिलाक शैक्षणिक आ साहित्यिक गतिविधि कें सशक्त बनेबाक दिस महत्वपूर्ण कदम मानल जा रहल अछि। ईशिक्षा टीम विद्यालयक प्रतिभा, नवाचार आ प्रेरक शैक्षणिक प्रयास कें मंच उपलब्ध कराबय लेल लगातार कार्य कए रहल अछि। उल्लेखनीय अछि जे ईशिक्षा पत्रिका बरख 2022 सं डिजिटलमाध्यम सं लगातार प्रकाशित भए रहल अछि। ईशिक्षा पत्रिका सं जुड़य चाहनिहार शिक्षक आ विद्यार्थी अपन मौलिक रचना, कविता, कथा, शैक्षणिक अनुभव आ नवाचार सं संबंधित सामग्री

# प्रदेश कांग्रेस प्रभारी आ प्रदेश अध्यक्षक भेल स्वागत




सीतामढ़ी, समदिया

प्रखंड अध्यक्ष सभक प्रशिक्षण शिविर मे शामिल होमय सीतामढ़ी पहुंचल बिहार प्रदेश कांग्रेस प्रभारी कृष्णा अल्लावरू आ प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष राजेश रामक मेहसौल चौकपर प्रदेश कांग्रेस प्रतिनिधि सह पूर्व यूथ कांग्रेस जिलाध्यक्ष मो. शम्स शाहनवाजक नेतृत्व मे कार्यकर्ता सभ जोरदार स्वागत आ अभिनंदन कएलनि। स्वागत सं प्रसन्न प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम सभक प्रति आभार व्यक्त करैत कांग्रेस पार्टी कें मजबूत करबाक लेल एकजुट भए काज करबाक आह्वान कएलनि। प्रदेश प्रतिनिधि मो. शम्स शाहनवाज कहलनि जे आगामी चुनाव मे केंद्र मे कांग्रेसक सरकार बनेनाइ आ जननायक राहुल गांधी कें अगिल प्रधानमंत्री बनेनाइ प्रत्येक कार्यकर्ताक लक्ष्य अछि।

# संगठनक वास्तविक शक्ति समर्पित कार्यकर्ता छथि : कृष्णा अल्लावरू



सीतामढ़ी, समदिया

बिहार प्रदेश कांग्रेस कमिटीक तत्वावधान मे सीतामढ़ीक एक निजी होटल मे आयोजित प्रखंड अध्यक्षसभक दू दिवसीय आवासीय प्रशिक्षण शिविर रविदिन संपन्न भेल। शिविरक आखरी दिन मीडिया आ सोशल मीडियाक लेल रणनीति बनेबाक संग राजनीतिक क्षेत्र मे महिलाक सहभागिता बढ़ेबाक आवर्तमान राजनीतिक परिवेश मे कांग्रेसक भूमिकापर विस्तार सं चर्चा कएल गेल। प्रशिक्षणक दौरान जन लामबंदीक आधुनिक तरीका, संगठन कें बूथ स्तर धरि मजबूत करबाक आ बदलैत राजनीतिक परिस्थिति मे पार्टीक प्रभावी भूमिका सुनिश्चित करबाक विषयपर विचार-विमर्श भेल। प्रशिक्षणक मुख्य उद्देश्य प्रखंडस्तर पर संगठनात्मक क्षमता आ वैचारिक मजबूती बढ़ेनाइ छल। बिहार प्रदेश कांग्रेस प्रभारी कृष्णा अल्लावरू कहलनि जे कांग्रेस संगठनक वास्तविक शक्ति ओकर समर्पित कार्यकर्ता छथि। हुनकर आह्वान छल जे प्रखंड अध्यक्ष सभ बूथ स्तर धरि संगठन कें मजबूत करथि आ आम जनताक बीच कांग्रेसक विचारधारा तथा जनहितकारी नीति कें प्रभावी ढंग सं पहुंचाबथि। प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम कहलनि जे प्रशिक्षण शिविर संगठनात्मक दक्षता बढ़ेबाक, नेतृत्व क्षमता विकसित करबाक आ प्रत्येक प्रखंड अध्यक्ष केंजनताक बीच प्रभावी भूमिका निभेबाक उद्देश्य सं आयोजित कएल गेल अछि। कांग्रेस संविधान, सामाजिक न्याय आ लोकतांत्रिक मूल्यमानक रक्षा लेल सदिखन प्रतिबद्ध रहल अछि। शिविर मे समस्तीपुर ग्रामीण, समस्तीपुर शहरी, दरभंगा ग्रामीण, दरभंगा शहरी, सीतामढ़ी, शिवहर सहित विभिन्न जिला सं करीब 75 प्रखंड अध्यक्ष सहभागी भेलाह। प्रशिक्षणक संचालन बिहार कांग्रेसक प्रशिक्षण प्रभारी प्रो. रंजीत कुमार मिश्र कएलनि। जिला कांग्रेस अध्यक्ष सह शिविर संयोजक अमित कुमार टुन्नाकआयोजन मे महत्वपूर्ण भूमिका रहल। दोसर दिनक प्रशिक्षणक शुरुआत प्रभातफेरी सं भेल। शिविर मे खगड़िया जिलाध्यक्ष डा. चंदन यादव, राज कुमार मीणा, जितेंद्र नाथ पटेल, ऋचा, कुणाल कुमार, चंद्र भूषण राजपूत, डा. गौरव वर्मा, पूर्व जिलाध्यक्ष रकटू प्रसाद, सीताराम झा, प्रमोद नील, प्रदेश प्रतिनिधि अफाक खान, संजय कुमार बिररख, रितेश रमण सिंह, मो. शम्स शाहनवाज, मनोज कुमार सिंह, आफताब अंजुम बिहारी, धीरज सिंह, ताराकांत झा सहित अन्य नेता उपस्थित छलाह।

## जानकी मंदिर आ पुनौरा धाम मे कांग्रेस प्रभारी आ प्रदेश अध्यक्ष कएलनि पूजा-अर्चना

सीतामढ़ी, समदिया

प्रशिक्षण शिविर मे सहभागी होमय सीतामढ़ी आएल बिहार कांग्रेस प्रभारी कृष्णा अल्लावरू आ प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम रविदिन जानकी मंदिर तथा पुनौरा धाम मे पूजा-अर्चना कएलनि। दुनू नेता सभ मां जानकीक आशीर्वाद लैत देश-प्रदेश मे सुख, शांति आ समृद्धिक कामना कएलनि। एकरा सं पहिने कृष्णा अल्लावरू आ राजेश राम जिला कांग्रेस मुख्यालय ललित आश्रम, गांधी मैदान पहुंचि कार्यालयक जायजा लेलनि। जिलाध्यक्ष अमित कुमार टुन्ना सहित पार्टीक नेता सभ हुनकर स्वागत कएलनि। एहिदौरान ललित नारायण मिश्रक प्रतिमापर माल्यार्पण आ शहीद स्मारकपर पुष्पांजलि अर्पित कए महान स्वतंत्रता सेनानी सभ कें श्रद्धांजलि देल गेल।

# 18 बरख बाद पुस्तकालय अध्यक्षक बहालीक जागल उम्मीद

दरभंगा, समदिया

बिहार मे बरख 2008क बाद सं लंबित पुस्तकालय अध्यक्ष आ पुस्तकालय सहायकक बहाली कें लए कए प्रशिक्षित अभ्यर्थीसब मे उम्मीद जगी अछि। बिहार ट्रेड लाइब्रेरियन एसोसिएशनक प्रदेश अध्यक्ष विकास चंद्र सिंह आ जिलाध्यक्ष शरद कुमार सिंह कहलनि जे दीर्घ संघर्षक बाद बिहार विद्यालय परीक्षा समितिक दिस सं लाइब्रेरियन एलिजिबिलिटी टेस्ट (एलईटी) आयोजित करबाक दिस पहल कएल जा रहल अछि। समितिक दिस सं 1 सं 15 अक्टूबर धरि आवेदन लेल जाएबाक जानकारी सामने आएल अछि। दुनू पदाधिकारी कहलनि जे ई 18 बरख सं संघर्षरत हजारो अभ्यर्थीक धैर्य आ संघर्षक जीत अछि। संगठन सरकार सं मांग कएलक जे एलईटीक बाद पुस्तकालय अध्यक्ष आ सहायकक रिक्त पदक वास्तविक संख्या सार्वजनिक कए शीघ्र नियुक्ति प्रक्रिया शुरू कराओल जाए। संगठन समयबद्ध बहाली कैलेंडर जारी करबाक सेहो आग्रह कएलक, जाहि सं अभ्यर्थीसब कें आब बेसी समय धरि प्रतीक्षा नहि करय पड़य। संगठनक कहब अछि जे बरख 2008क बाद सं बहाली नहि होमयक कारण प्रशिक्षित अभ्यर्थी लगातार संघर्ष करैत रहल छथि। बिहार ट्रेड लाइब्रेरियन एसोसिएशन एहि पहल लेल सरकार, शिक्षा विभाग, संबंधित अधिकारी, छात्र, सामाजिक कार्यकर्ता, शिक्षक संगठन, मीडिया आ जनप्रतिनिधिसभक प्रति आभार व्यक्त कएलक अछि। संगठनक पदाधिकारीक कहब अछि जे एलईटीक आयोजनक पहल सं पुस्तकालय क्षेत्र मे रोजगारक नव अवसरक आशा जगी अछि आ वर्षो सं नियुक्तिक प्रतीक्षा मे रहल अभ्यर्थीसब मे उत्साहकसंचार भेल अछि।

# क्राइम मीटिंग मे एसपीक कड़गर निर्देश

» फरार अभियुक्तक गिरफ्तारी आ लंबित कांडक निष्पादन मे तेजी आनू

समस्तीपुर, समदिया

पुलिस अधीक्षक अरविंद प्रताप सिंह समाहरणालय सभाकक्ष मे जिलाक पुलिस पदाधिकारीसभक संगक्राइम मीटिंग कएलनि। बैसार मे सभ अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी, डीएसपी स्तरक अधिकारी, अंचल पुलिस निरीक्षक आ विभिन्न थानाक थानाध्यक्ष सहभागी भेलाह। एसपी थानावार लंबित कांड, मार्च मास मे दर्ज मामिला आ ओकर निष्पादनक स्थितिक समीक्षा कएलनि। बैसार मे हत्या, डकैती, लूट आ दहेज हत्याक जकां गंभीर आपराधिक मामिलाक अनुसंधानक प्रगतिक समीक्षा कएल गेल। एसपी संबंधितपदाधिकारी कें लंबित मामिलाक शीघ्र निष्पादन करबाक आ अनुसंधान मे तेजी अनबाक निर्देश देलनि। फरार अभियुक्तसभक गिरफ्तारी कें प्राथमिकता देबाक संग सक्रिय अपराधी सभ पर कड़ी नजरि रखबाक कहलनि। एसपी ई समन, वारंट, इश्तेहार आ कुर्की जकां मामिलाक निष्पादन मे सेहो तेजी अनबाक निर्देश देलनि। अपराध नियंत्रणक संग जिला मे विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल पुलिस गश्ती आ निगरानी कंेप्रभावी बनेबाक पर जोर देल गेल। बैसार मे नशीला पदार्थक कारोबार आ शराबबंदी कानूनक उल्लंघन परविशेष चर्चा भेल। एसपी नशीला पदार्थक कारोबार मे संलिप्त लोक आ नशा करनिहारक विरुद्ध विशेषछापेमारी अभियान चलाबयक निर्देश देलनि। शराब तस्करी आ शराबबंदी कानूनक उल्लंघन करनिहारक विरुद्ध कठोर कारबाइ करबाक सेहो कहलनि। यातायात दुर्घटना सं जुड़ल मामिलाक समीक्षा करैत एसपी आइ-रैड आ ई-डीएआर पोर्टल पर आवश्यक प्रविष्टि समय पर करबाक निर्देश देलनि, जाहि सं दुर्घटना पीड़ित कें शीघ्र मुआवजा भेटबाक प्रक्रिया सहज भए सकय। सभ थानाध्यक्ष कें अपन क्षेत्रक सक्रिय अपराधीक विवरण गुंडा पंजी मे अद्यतन करबाक कहल गेल। चोरीक घटना पर नियंत्रण लेल संवेदनशील क्षेत्र मे सघन गश्ती बढ़ेबाक आ संदिग्ध गतिविधि पर नजरि रखबाक निर्देश देल गेल। एसपी स्पष्ट कएलनि जे अपराध नियंत्रण आ लंबित कांडक निष्पादन मे कोनो स्तर पर लापरवाही बर्दाश्त नहि कएल जाएत। सभ पदाधिकारी कें अपन-अपन क्षेत्र मे प्रभावी कारबाइ सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि।

# झारखंडक मंत्री सुदिव्य सोनूक हार्ट अटैक सं निधन, 2 दिनक राजकीय शोक घोषित

## सीएम राज्यपाल आ स्पीकर देलनि श्रद्धांजलि

गिरिडीह,समदिया

झारखंड सरकारक कैबिनेट मंत्री आ झारखंड मुक्ति मोर्चा (जेएमएम)क वरिष्ठ नेता सुदिव्य कुमार सोनूक निधनक बाद सीएम हेमंत सोरेन, राज्यपाल संतोष कुमार गंगवार, स्पीकर रवींद्रनाथ महतो सहित तमाम मंत्री-विधायक गिरिडीह पहुंचलाह। जतए हुनका सभ हुनकाश्रद्धांजलि अर्पित कएलनि। सुदिव्य कुमार सोनूक निधन पर राज्य मे 2 दिनक राजकीय शोक घोषित कएल गेल अछि।ओतहि हुनक आखरी संस्कार राजकीय सम्मानक संग कएल जाएत। आखरी संस्कार आइए उसरी नदी घाट स्थित हरसिंहरायडीह श्मशान घाट मे कएल जाएत। जानकारीक मुताबिक मंत्री संजय यादव, मंत्री इरफान अंसारी, मंत्री हफीजुल हसन अंसारी, मंत्री श्रीमती दीपिका पांडेय सिंह, सांसद नलिन सोरेन, टुंडी विधायक मथुरा महतो, सारठ विधायक चुन्ना





सिंह सहित कतेको मंत्री, विधायक आ वरिष्ठ नेता आखरी संस्कार मे पहुंचताह।हार्ट अटैकक लक्षण छलः डॉक्टर डॉक्टर शहजाद शेखक अनुसार, जखन मंत्री अस्पताल पहुंचल छलाह, तखन दर्दक दौरान हुनका उल्टी भेल छल, जे हुनक फेफड़ा मे चलि गेल छल। तत्काल इलाज शुरू कएल गेल। सांसक नलीसाफ कएल गेल। एकर बाद ईसीजी निकालल गेल। ओहि मे हार्ट अटैकक लक्षण छल। बीपी नहि भेटि रहल छल। एहि दौरान 10 सं 15 मिनट के भीतर हुनक निधन भए गेल।सीपीआर देल गेल, मुदा ओ सफल नहि रहल। भोर करीब 4 बजे हुनका मृत घोषित कएल गेल।हुनका पहिने सं बीपी आ सुगरक शिकायत छल। ओतहि, झारखंड मुक्ति मोर्चा (जेएमएम) सुदिव्य सोनूक निधनक मद्देनजर अपन सभ प्रस्तावित कार्यक्रम स्थगित कए देलक अछि। आखरी दर्शन आ श्रद्धांजलि लेल पैघ संख्या मेलोक गिरिडीह पहुंचि रहल छथि। जेएमएम दिस सं शोक व्यक्त करैत एक्स पर लिखल गेल अछि- 'जिंदगीक क्षणभंगुरता... काल्हि धरि जे साथी हमर बीच छलाह, आइ हुनक स्मृति मात्र हमर संग अछि। जीवनक अनिश्चितता हमरा सभ कें एक बेर फेर गहीर दुख आ शोक मे छोड़ि गेल अछि।' आखरी दर्शन लेल आवास पर उमड़ल लोक निधनक बाद हुनक पार्थिव शरीर कें आखरी दर्शन लेल शहरक विभिन्न प्रमुख चौक-चौराहा सं गुजारल गेल। एहि दौरान पैघ संख्या मे शहरवासी सड़कक कात ठाढ़ भए अपन जनप्रतिनिधि कें आखरी विदाइ देबाक लेल पहुंचलाह। मंत्रीक पार्थिव शरीर शहर सं गुजरबाक सूचना भेटिते लोकक भीड़ प्रमुख मार्ग पर जुटए लागल। कतेको लोक हाथ जोड़ि हुनका श्रद्धांजलि देलनि, जखनकि समर्थक आ आम लोकक आंखि नम नजरि आयल। लोक कहलनि जे सुदिव्य कुमार सोनूक असमय निधन गिरिडीह लेल पैघ क्षतिअछि।पार्थिव शरीर कें वाहनक माध्यम सं शहरक विभिन्न हिस्सा सं लए जायल गेल, जाहि सं बेसी सं बेसी लोक अपन प्रिय नेताक आखरी दर्शन कए सकथि। बाट भरि लोक पुष्प अर्पित कए श्रद्धांजलि देलनि। कतेको स्थान पर लोक भावुक भए हुनक पार्थिव शरीर कें नमन कएलनि। हुनक निधनक सूचना भेटलाक बाद सरकारक मंत्री इरफान अंसारी सेहो हुनक आवास पहुंचलाह आ शोक-संतप्त परिजन सं भेंट कए संवेदना व्यक्त कएलनि। ओतहि, मंत्रीक आखरी दर्शन लेल हुनक आवास पर पार्टी कार्यकर्ता आ समर्थकक भीड़ उमड़ि पड़ल। सुदिव्य कुमार सोनू 5 सितंबर शिक्षक दिवसक अवसर पर आयोजित कार्यक्रम मे शामिल भेलछलाह। शनि दिनए गिरिडीहक इस्लामिया उर्दू मिडिल स्कूलक शताब्दी समारोह मे सेहो हुनकमौजूदगी छल। कार्यक्रमक दौरान हुनका स्कूल सभ कें कंप्यूटर उपलब्ध कराबैक भरोसा सेहो देलनि। हेमंत कैबिनेट मे 4 विभागक जिम्मेदारी छल सुदिव्य कुमार सोनू वर्तमान मे गिरिडीह सदर विधानसभा क्षेत्र सं विधायक छलाह। हुनका 2019 मे पहिल बेर गिरिडीह सदर सीट सं चुनाव जीतल छल। एकर बाद 2024क विधानसभा चुनाव मे दोसर बेर जीत दर्ज कए हेमंत सोरेन सरकार मे कैबिनेट मंत्री बनलाह। हुनका लग पर्यटन, कला आ संस्कृति, खेलकूद आ युवा कार्य विभागक संग नगर विकास आ उच्च आ तकनीकी शिक्षा विभागक जिम्मेदारी छल।हेमंत सोरेनक करीबी छलाह सुदिव्य कुमार सोनू 90क दशक सं झारखंड मुक्ति मोर्चा सं जुड़ल छलाह। हुनका मुख्यमंत्री हेमंत सोरेनक करीबी नेता मे मानल जाइत छल। सरकार वा अपन विभाग सं जुड़ल मुद्दा कें ओ जनताक समक्ष मजबूती सं रखैत छलाह। हालक दिन मे शिक्षा, शहरी विकास, खेल आ पर्यटन सं जुड़ल मुद्दा पर ओ लगातार सक्रिय छलाह। सुदिव्यक परिवार मे पत्नी कें अतिरिक्त एक बेटा आ दू बेटी छथि। पैघ बेटीक नाम सृष्टि अछि, जे एमबीए कए रहल छल। दोसर बेटीक नाम समृद्धि अछि, जे लॉक पढ़ाइ लेल क्लैटदेने अछि। बेटा सब सं छोट अछि। जेपीएससी-जेएसएससी छात्र आंदोलन मे सेहो निभौलनि महत्वपूर्ण भूमिका हालहि जेपीएससी-जेएसएससी परीक्षा मे अनियमितता कें लए भेल छात्र आंदोलन मे सुदिव्य कुमार सोनूक सक्रियता देखल गेल छल। छात्रक आंदोलनक दौरान सरकार आ आंदोलनकारीक बीच ओ महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। बातचीतक दौरान हुनका सरकारक दिस सं पक्ष रखलनि आ परीक्षा सुधार आ जांच सं जुड़ल मुद्दा पर जानकारी देलनि।हुनक अनचोके निधन कें झारखंडक राजनीति आ सरकार लेल पैघ क्षतिक रूप मे देखल जा रहल अछि। गिरिडीह मे हुनक निधनक खबर पसरिते समर्थक आ पार्टी कार्यकर्ताक भीड़ अस्पताल आ हुनक आवास दिस पहुंचए लागल।

# बोकारोक डेली मार्केट मे लागल आगि, 8 दोकान जरल

## लाखोक सामान आ फर्नीचर जरल, दमकल बुझौलक

बोकारो,समदिया

बोकारोक सेक्टर-6 डेली मार्केट मे आगि लागि गेल। देखैत-देखैत आगि सात सं आठ दोकान कें अपन चपेट मे लए लेलक। एहि मे मिठाइक दोकान, पूजा सिटी गोल्ड, सैलून, दुर्गाग्लास आ विशन सेंटर सहित कतेको दोकान शामिल अछि। प्रसाद मिठाइक तीन दोकान सेहो जरि गेल। आगि एतेक तेजी सं पसरल जे दोकानदार सभ कें सामान निकालबाक मौका धरि नहिभेटल। दोकान मे राखल सामान, फर्नीचर आ दोसर सामग्री जरला सं लाखो रुपैयाक नुकसानक अनुमान अछि। विश्वकर्मा पूजा कें लए कतेको दोकानदार बिक्री आ ऑर्डरक सामान पहिने सं मंगाकएराखने छलाह, जे आगि मे जरि गेल। एक दोकानदार दोकान मे राखल करीब 10 हजार रुपैया नगद सेहो जरि



गेलाक बात कहलनि। नुकसानक वास्तविक आकलन कएल जा रहल अछि। तीन दमकल गाड़ी सं आगि पर पाओल गेल काबू आगिक सूचना भेटिते दमकल विभागक तीन गाड़ी मौका पर पहुंचल। दमकलकर्मी सभ बहुत मेहनत कए आगि पर काबू पओलनि। दोकानदार सभ बतौलनि जे ओ सभ राति मे घर पर छलाह। भोर मे आगिक सूचना भेटलाक बाद बाजार पहुंचलाह, मुदा ता धरि आगि विकराल रूप लए लेने छल।कतेको दोकान मे राखल लगभग पूरा सामान जरि चुकल छल। पीड़ित दोकानदार सभक अनुसार, दोकान संए हुनक परिवारक भरण-पोषण होइत छल। वर्षोक मेहनत आ जमा पूंजी किछुए देर मे राख भए गेल।शॉर्ट सर्किटक आशंका, पुलिस शुरू कएलक जांचघटनाक सूचना भेटलाक बाद सेक्टर-6 थाना प्रभारी संगीता कुमारी पुलिस टीमक संग मौका पर पहुंचलनि। पुलिस बाजार मे जुटल भीड़ कें नियंत्रित कएलक आ घटनाक जानकारी लेलक। स्थानीय लोक शॉर्ट सर्किट सं आगि लगबाक आशंका व्यक्त कएलनि, मुदा पुलिस वा संबंधित विभागक दिस सं कारणक आधिकारिक पुष्टि एखन नहि भेल अछि। आगि बुझेलाक बाद पुलिस घटना सं जुड़ल तथ्यक जांच शुरू कए देलक अछि। दोकानदार सभ बतौलनि जे विश्वकर्मा पूजा नजदीक रहबाक कारण दोकान मे लाखो रुपैयाकसामान राखल छल। किछु दोकान मे बिक्री लेल राखल माल, ऑर्डरक सामान आ नगदी सेहो आगिक भेंट चढ़ि गेल। आगि सं प्रभावित दोकानदार सभक रोइ-रोइ बुरा हाल अछि। हुनक कहब अछि जे अनचोके भेल एहि घटना सं हुनका सभक समक्ष रोजी-रोटीक संकट ठाढ़ भए गेल अछि। फिलहाल बाजार मे आगि पूरा तरहे बुझा देल गेल अछि आ पुलिस आगि लगबाक कारणक संग नुकसानक आकलन कए रहल अछि।

# चतरा मे स्कॉर्पियो गाछ सं टकरायल, चालक गंभीर

## हजारीबाग सं सिमरिया लौटबाक दौरान दुर्घटना

चतरा,समदिया

चतराक बिरहु लग शनि राति करीब 11:30 बजे एक स्कॉर्पियो अनियंत्रित भए सड़कक कात सखुआक गाछ सं टकरा गेल। दुर्घटना मे सिमरिया निवासी चालक प्रशांत कुमार गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। ओ हजारीबाग सं स्कॉर्पियो सं सिमरिया लौटि रहल छलाह। बिरहु लग तीखा मोड़ पर अनचोके वाहन पर हुनक नियंत्रण खसि गेल, जाहिक बाद स्कॉर्पियोगाछ सं जा टकरायल। टक्कर एतेक जोरदार छल जे वाहनक अगिला हिस्सा बहुत बेसी क्षतिग्रस्त भए गेल। इंडिकेटरक रोशनी देखि रुकलाह सीओ दुर्घटना जंगली इलाका मे भेल छल, जतए राति मे सन्नाटा छल। किछु देर बाद सिमरियाक अंचल अधिकारी गौरव कुमार जवान सभक संग ओहि बाट सं गुजरि रहल छलाह। सड़कक कात दुर्घटनाग्रस्त स्कॉर्पियोक इंडिकेटर लाइट जरैत देखि सुरक्षाकर्मी वाहन रोकलनि। मौका पर पहुंचलाक बाद प्रशांत कुमार कें गाड़ीक भीतर फंसल पाओल गेल। एकर बाद सीओ आ जवान सभ बचाव काज शुरू कएलनि। कड़ा मेहनतक बाद हुनका क्षतिग्रस्त वाहन सं बाहर निकालल गेल। घायल कें निकालबा मे मदति कएनिहार लोकक कपड़ा पर सेहो खून लागि गेल।रेफरल अस्पताल मे प्राथमिक उपचार, रांची रेफरवाहन सं बाहर निकाललाक तुरंत बाद प्रशांत कुमार कें सिमरिया रेफरल अस्पताल पहुंचाओल गेल। ओतए चिकित्सक सभ तत्काल हुनक प्राथमिक उपचार शुरू कएलनि। गंभीर चोटक कारण डॉक्टर हुनक स्थिति नाजुक बतौलनि आ नीक इलाज लेल हायर सेंटर रेफर कए देलनि। एकर बाद हुनका रांची लए जायल गेल, जतए हुनक इलाज जारी अछि। समय पर मदति भेटला सं अस्पताल पहुंचल घायल देर राति सुनसान इलाका मे भेल हादसाक बाद समय पर सीओ आ सुरक्षा बलक नजरि दुर्घटनाग्रस्त वाहन पर पड़ला सं घायल कें तत्काल मदति भेटि सकल। इंडिकेटरक रोशनी देखिगाड़ी रोकलाक बाद जवान सभ वाहन मे फंसल प्रशांत कुमार कें बाहर निकाललनि। अस्पताल पहुंचाबैक व्यवस्था कएल गेल। दुर्घटना मे स्कॉर्पियो पूरा तरहे क्षतिग्रस्त भए गेल अछि। प्रारंभिक जानकारीक अनुसार तीखा मोड़ पर वाहन सं नियंत्रण खसि जाएब दुर्घटनाक कारण बनल।

# सुदिव्य कुमार सोनूक निधनक बाद टरल पुलिस एसोसिएशनक आंदोलन

## 8 सं 10 सितंबर धरि छल प्रस्तावित

गिरिडीह ,समदिया

